МИНСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ
Министерство образования и науки Чеченской Республики
МУ «Отдел образования Ножай-Юртовского муниципального района»
МБОУ «ООШ с. Гуржи-Мохк»

ПРИНЯТО:
на заседании педагогического
совета. Протокол № 1
от «30» августа 2023г.

СОГЛАСОВАНО:
Зам. Директора по УВР
_____ Р.Г. Акбаева
«30» августа 2023г.

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА
учебного предмета «Чеченский язык»
для обучающихся 5-9 классов

Учитель чеченского языка и литературы
Тимаров Идрис Ризванович

с. Гуржи-Мохк
2023г.

Нохчийн меттан 5 – 9-чуй классашна лерина программа

Кхеторан кехат

Нохчийн меттан коьрта йукъардешаран ишколана лерина программа хIоттийна:

Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан, коьртачу дешаран программин буха т1ехь; Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствос омрица ч1аг1бина болу 17-чу декабрехь 2010-чу ш. № 1897.

- -йукъара дешаран коьрта йукъара дешаран пачхьалкхан программин бух т1ехь (ФГОС ООО)
- С.Э.Эдиловн нохчийн меттан герггарчу хьесапехь йолчу программин буха т1ехь;
- Ассиновскера № 3 йолчу йуккъерчу ишколан дешаран хьесапан буха т1ехь;
- Ассиновскера №3 йолчу йуккъерчу ишколан коьрта дешаран программин буха т1ехь. (т1ех1аг1дина Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствон омрица 31-чу декабрехь 2015-чу ш. № 1577) а, коьртачу дешаран программин бух т1е а тевжаш, С.Э.Эдиловн нохчийн литературин герггарчу хьесапехь йолчу программех пайда а оьцуш

Кху тIехь тидаме эцна йуккъерчу йукъардешарна леринчу массо а тайпана дешаран декъан гIуллакхаш кхиоран а, вовшахтохаран а программин коьрта идейш а, лехамаш а, йуьхьанцарчу йуккъерчу дешаран герггарчу программашца йозаелла а, тIаьхьало йолуш а хилар.

Программа – иза белхан программа хIотторан бух бу: цо билгалдо инвариантни (тIедоьжна декхар долу) дешаран дакъа а, шел тIаьхьа шен лаамехь дешаран чулацамах вариативни дерг харжа таро луш долу дакъа а. Йуккъерчу йукъардешаран ишколана лерина герггарчу хьесапехь йолу программа шен чулацаман башхаллашца къаьсташ йу, цкъа-делахь, йуккъерчу йукъардешаран системин предметийн чулацамца, шолгIа-делахь, Iамочеран психологически а, хенийн а башхаллашца.

Программа кхаа декъах лаьтта:

1.«Дешаран предмет карайерзорехь кхочушдан лору жам1аш». Кхузахь довзийтина, хIун меттиг дIалоцу нохчийн матто йуккъерчу йукъардешаран Iалашонашка кхачош; нохчийн мотт Iаморан Iалашонаш а, жамIаш а билгалдаьхна масех тIегIанехь – личностни, метапредметни, предметни; нохчийн маттах лаьцна йукъара хаамаш белла, базисни дешаран планехь цо дIалоцу меттиг а къастийна.

2. «Дешаран курсан чулацам». Дакъошка бекъна, Iамо билгалбина чулацам къастийна кхузахь.

3. «Дешаран-тематикин хьесап». Дешаран курсан теманаш, хIора тема Iаморна лерина сахьташ къастийна.

Дешаран хьесапаца цхьаьнадог1уш, нохчийн мотт 1аморна леринчу сахьтийн барам:

Класс	Шарахь	К1иранах
5	102	3
6	102	3
7	102	3
8	102	3
9	102	3

1.Дешаран предмет карайерзорехь кхочушдан лору жам1аш

Нохчийн мотт – иза нохчийн къоман а, Нохчийн Республикин пачхьалкхан а мотт а, къоман историн, культурин бух а бу. Цуьнца доьзна ду къоман кхиар а.

Ненан меттан метапредметни декхарша билгалбоккху берана, цо школехь доьшучу хенахь, иза личность санна, кхиорехь массо тайпана а, йукъарчу амалехь а бен тIеIаткъам. Мотт дешархочун ойла, кхетам, суртхIотторан, кхолларалли хьуьнарш кхиоран; личность санна, ша-шен вовзийтаран, ша-шена керла хаарш карадерзоран хьуьнарш кхиоран а бух бу, дешаран гIуллакх а цхьаьна вовшахтохар йукъа а лоцуш. Ненан мотт къоман культурин, литературин, синъоьздангаллин механлашка а, адаман оьздангаллин, историн зеделлачуьнга а кхачоран гIирс а, дахарехь дIалоцу меттиг къасторан некъ а бу.

Йуккъерчу йукъардешаран ишколехь шатайпа меттиг дIалоцу нохчийн матто. Иза вовшашца йукъаметтигаш дIакхехьарехь, гонахара дахар довзарехь, кхетош-кхиорехь механла гIирс бу.

Нохчийн мотт караберзоро таро лур йу дешархошна вовшашца йукъаметтигаш дIакхехьа, боккхачу кхиамца кхидолу меттанаш а, дешаран предметаш а Iаморехь онда гIортор хилла дIахIотта а, хийцалучу хIокху дахарехь шен меттиг каро а.

ХIума довзаран гIирс ша хиларе терра, матто ойла кхиайарна а, интеллектуальни а, кхолларалли хьуьнарш кхиорна а, шаьш кхочушдечу дешаран гIуллакхийн шардарш карадерзорна а, шен хаарш лакхадахарна а, ша-шен вовзийтарна а тIехь аьтто бо.

Шен къоман оьздангалла а, литература а, синъоьздангаллин механлаш а, дуьненан Iилма а, культура а йовзарехь механла гIирс а бу нохчийн мотт.

Нохчийн мотт дешархо къоман гIиллакх-оьздангаллин буха тIехь кхиорехь цуьнгахь кхидолчу къаьмнашка лерам хилийтаран коьрта чIагIо а йу.

йуккъера юкъардешаран ишкол чекхйаьккхинчу дешархочуьнгахь нохчийн маттехула хила деза **личностни жамIаш:**

– нохчийн къоман оьздангаллин коьртачу механлех санна, нохчийн маттах кхетам хилар, дешар тIехь а, кхетаман, кхолларалли хьуьнарш, дешархочун гIиллакх-оьздангаллица йоьзна амалш кхиорехь а цо дIалоцучу меттигах кхеташ хилар;

– нохчийн мотт эстетически механлла санна тIеэцар; цунах дозалла дар, цуьнан ларам бар; къоман оьздангаллин хилам и хиларе терра, нохчийн меттан башхалла а, цIеналла а ларъйан йезар; мотт бийцар шардаре а, говза, шера бийцаре а кхачар;

– къамел дечу хенахь шен ойланаш а, синхаамаш а паргIат бовзийта а, дешнийн барам а, караберзийна грамматически гIирсаш а тоъал хилар; ша дечу къамелан тидамбеш, ша-шена мах хадо хааран хьуьнар хилар;

– нохчийн мотт уьйран, йукъаметтигаллин гIирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар; нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гIуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, йукъараллехь ша дIалоцу йолу меттиг билгалъйарехь а оьшуш хиларх кхетар;

– вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а йукъаметтигаш дIакхехьарехь нохчийн маттах пайдаэца кийча хилар; къаьмнийн культурин йукъаметтигаш дIакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;

– шен къоман а, РФ-хь дехачу къаьмнийн а, дуьненайукъара а культура йовзарехь нохчийн мотт механла гIирс хиларх кхетар.

Йуккъера йукъардешаран ишкол чекхйаьккхинчу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза **метапредметни жамIаш:**

1) къамелдаран массо а тайпа карадирзина хилар:
– барта а, йозанан а хаам цхьанатайпана тIеэца безаш хиларх кхетар;
– йешаран тайп-тайпана кепаш карайирзина хила йезар;
– тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш схьалаха хааран хьуьнар хилар, ШХГI, дешарна лерина компакт-дискаш, Интернетан гIирсаш йукъа а лоцуш;
– билггалчу темина коьчал схьалаха а, цхьана кепе йало а хаар карадерзор; шенна хаам схьалаха а, иза къасто а, цунна анализ йан а хаар; хаамийн технологи а, технически гIирсаш йукъа а лоцуш, йоьшуш йа ладугIуш бевзина хаам хийца а, ларбан а, дIабовзийта а хаар;
– хиндолчу дешаран декъан гIуллакхийн (цхьаммо ша а, вукхаьрца цхьаьна а) Iалашо билгалъйан а, хьалха-тIаьхьа дийриг билгалдан а, барта а, йозанан а кепехь цхьанатайпана жамIийн мах хадо хааран хьуьнар хилар;
– паргIатчу кепехь барта а, йозанехь а нийса шен ойланаш йовзийта хьуьнар хилар;
– шен нийсархошна хьалха доклад йан йа цхьа хаамбан хаар;
2) карадирзинчу хаарех, шардарех, карадерзорех дахарехь пайдаэцар;
– билгалбинчу барамехь йацйина (план, йухасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгIна ша йешна текст йуха схьайийца хаар;
– оьрсийн мотт Iаморехь нохчийн маттах пайдаэца хаар;
– меттан башхаллех пайдаэца хааар (нохчийн меттан, оьрсийн меттан, кхечу пачхьалкхийн меттанийн, литературин урокашкахь);
3) тайп-тайпана йукъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь, дийцаре дарехь, дискуссешкахь дакъалаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар.

Йуккъера йукъардешаран ишкол чекхъйаьккхинчу дешархочун нохчийн мотт караберзоран **предметни жамIаш ду:**
1) массо а тайпана къамелдаран кепаш карайирзина хилар (ладогIар, йешар, дийцар йа къамелдар (говорение**)**, йоза), гонахарчу адамашца йолу йукъаметтиг, тайп-тайпанчу хьелашка хьаьжжина, д1акхехьа аьтто бан.
2) личностан кхетаман а, кхолларалли а хьуьнарш кхиорехь, йоза-дешар карадерзорехь, ша-шен дешар лакхадаккхарехь матто дIалоцучу меттигах кхетар;
3) ненан меттан коммуникативно-эстетически таронех пайдаэцар;
4) ненан маттах долу 1илманан хаарш шордар, системе далор; цуьнан т1ег1анаш а, дакъош а вовшашца дозуш хиларх кхетам; лингвистикин базови кхетамаш, меттан коьрта цхьааллаш, грамматикин категореш карайерзор;
5) дешан тайп-тайпанан кепара таллам бар (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложени а, дешнийн цхьаьнакхетар а синтаксически къастор: текстана, цуьнан чулацамца а, дIахIоттаман коьртачу билгалонашца, исбаьхьаллин гIирсех пайда эцарца а боьзна таллам бар;
6) х1оьттинчу хьоле а, къамелан стиле а хьаьжжина, шен ойла а, синхаам а ненан маттахь парг1ат бийца хаар, шен меттан дешнийн хазна (лексика) алсамйаккхар, дечу къамелехь грамматически г1ирсех пайдаэца хаар.
7) нохчийн меттан лексикин, фразеологин коьрта стилистически г1ирсаш а, нохчийн меттан коьрта норманаш (орфоэпически, лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни) а, къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор; барта а, йозанан а аларшкахь зеделлачух пайдаэцар; къамелан т1ег1а лакхайаккха г1ертар;
8) меттан оьздангаллех, адамийн йукъарчу мехаллех санна, жоьпалла кхоллар.

Къамел а, къамелан т1екаре а
Арахецархо хууш хир ву:

т1екаре йаран тайп-тайпанчу хьелашкахь монологан тайп-тайпанчу кепех пайдаэца (дийцар, суртх1оттор, ойлайар; монологан тайп-тайпана кепаш цхьаьнайалор);

диалоган тайп-тайпанчу кепех т1екаре йаран хьелашкахь пайдаэца;

т1екаре йаран тайпаналлин хьелашкахь къамел лелоран барам ларбан;къамелан т1екаре йаран процессан коммуникативни бохамех хьалхавала.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

жимачу докладца ладуг1учарна хьалха къамел дан; проект, реферат нахалахь (публично) йовзийта; нахалахь шена хетарг т1еч1аг1дан (чекхдаккха);

проблемаш коллективни йийцаре йарехь дакъалаца, шена хетарг т1еч1агдан, ша бакъ хиларх тешо;

коммуникативни декъехула ца нисделлачун коьртачу бахьанех кхета а, царех кхето а.

Къамелан г1уллакхдар

Ладог1ар (аудировани)

Арахецархо хууш хир ву:

ладог1аран тайп-тайпана кепех пайдаэца (ладоьг1начу текстах кхоччуш кхеташ, коьртачу чулацамах кхеташ, оьшу хаамаш схьахаржа хууш); ладоьг1начу текстан чулацам хьалха х1оттийначу коммуникативни 1алашонца цхьаьна бог1уш барта схьабийца;

барта кепехь темех, коммуникативни хьесапах, коьртачу ойланах кхето а, шен ойла цхьана кепе йерзо а, дешаран-1илманан, публицистически, официальни-г1уллакхдаран, исбаьхьаллин аудиотекстийн ойланийн некъ схьабийца а, къасто коьрта а, кхачаман оьшу а информаци, барта кепехь цунах кхето а;

хьесапан, тезисийн, дешархочун изложенин (ма-йарра, хаьржина, йацйина) кепехь дешаран-1илманан, публицистически, официальни-г1уллакхдаран, исбаьхьаллин аудиотекстийн чулацам схьабийца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

публицистически текстан гуш йолчу а, къайлах йолчу а (текстан чулацамехь) хаамех кхета (ШХГ1-хь а цхьаьна), барта кепехь цуьнан анализ йан а, цунах кхето а.

Йешар

Арахецархо хууш хир ву:

йешначу дешаран-1илманан, публицистически (хаамийн а, аналитически а, исбаьхьаллин-публицистически а жанрийн), исбаьхьаллин текстийн чулацамах кхета а, уьш барта кепехь т1екаре йаран хьелашка хьаьжжина а, цул сов дешархочун изложенин (ма-йарра, хаьржина, йацйина) кепехь, хьесапан, тезисийн (барта а, йозанан а) кепехь йухайало а;

хьалха х1оттийначу коммуникативни хьесапца дог1учу довзийтаран, талламан, йешаран некъех дарехь йолчу говзаллех пайдаэца;

схематически билгалбина хаам йозуш йолчу текстан кепехь;

дешаран книгах, справочникех, кхечу хаамийн хьостех, ШХГI а, Интернетан гIирсех а цхьаьна а, болх баран некъех пайдаэца;

хааман анализ йан а, хьалха х1оттийначу коммуникативни хьесапца цхьаьна йалош и йовзийта а.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

йешначу тайп-тайпанчу функциональни-стилан а, жанран а текстaшкара гуш а, къайлах а (хьулбина а) болчу хаамах кхета, анализ йан, мах хадо.

тайп-тайпанчу хьосташкара оьшу хаам схьаэца, шена хетарг ала.

Дийцар (говорение)

Арахецархо хууш хир ву:

механчу социальни-оьздангаллин, г1иллакх-оьздангаллин, 1ер-дахаран, дешаран теманаш (цаьрца цхьаьна лингвистически а, цул сов, шайн чулацамца 1амош йолчу кхечу дешаран предметашца йоьзна йолу а) тайп-тайпанчу коммуникативни аг1онашца 1алашонийн а, т1екаре яран хьелашца а йог1уш (хаам, дешаран-1илманан т1екаре йаран хьелашца жимо доклад, хиламах 1ер-дахаран маттаца дийцар, истори, къамелехь, къовсамехь дакъалацар) барта монологехь, диалогехь долу аларш (мах хадоран амалца дерш а цхьаьна) кхолла;

1алашонаш, цхьаьна кхочушдечу дешаран г1уллакхдаран хьесап, болх дакъошка бекъар дийцаре дан а, нийса кеп йало а;

билгалъйаькхинчу темица тайп-тайпанчу хьосташкара коьчал схьаэца, вовшахтоха, анализ йан, т1екаре йаран къастийначу хьелашка хьаьжжина, барта кепехь и йовзийта;

х1инцалерчу нохчийн литературни меттан коьрта орфоэпически, лексически, грамматически норманаш барта къамелан т1екаре йаран дарехь ларйан; лексикех а, фразеологех а, къамелан оьздангаллин бакъонех а стилистически нийса пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

барта монологан а, диалоган а тайп-тайпанчу кепехь, жанрехь дешаран-1илманан (1амочу дешаран предметийн коьчал т1ехь), социальни-оьздангаллин а, г1уллакхан т1екаре йаран йукъаметтигашкахь а аларш кхолла;

докладца ладуг1учарна (аудиторина) хьалха вистхила; нахалахь шен проект, реферат йовзуьйтуш чекхъйаккха (защищать);

дешаран-1илманан т1екаре йаран норманаш а ларйеш, дешаран-1илманан темица йолчу дискуссехь дакъалаца.

Йоза

Арахецархо хууш хир ву:

тайп-тайпанчу коммуникативни аг1онийн 1алашонаш а, т1екаре йаран хьелаш тидаме а оьцуш, йозанан монологически аларш кхолла (социальни-оьздангаллин, г1иллакх-оьздангаллин, 1ер-дахаран, дешаран теманашца дешархочун сочинени, хиламах дийцар, тезисаш, отзыв, расписка, тоьшалла, заявлени);

дешархочун дийцаран кепехь, йа тезисаш йалорца, йа хьесап х1отторца ладоьг1начу а, йешначу а текстан чулацам (буьззина, боцца, хаьржина) бийца;

вай заманан нохчийн литературни меттан йозанан коьрта лексически, грамматически, орфографически а, пунктуационни а бакъонаш практикехь ларъйан; стилистически нийса лексикех, фразеологех пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

рецензеш, рефераташ йазйан;

аннотацеш, конспекташ, тезисаш х1итто;

резюме, г1уллакхан кехаташ, д1акхайкхорш х1итто.

Текст

Арахецархо 1емар ву:

планан (цхьалхе, чолхе), тезисийн, схемийн, таблицийн, кхечу кепехь а чулацам балош, текст кечйан;

йозуш йолу текст кхолларан лехамаш тидаме а оьцуш, тайп-тайпанчу кепийн, стилийн, жанрийн шен тексташ кхолла а, нисйан а.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

барта а, йозанан а кепехь дешаран-1илманан (аннотаци, рецензи, реферат, тезисаш, конспект, къамелехь дакъалацар, дискуссеш) тексташ кхолла, официальни-г1уллакхан тексташ (резюме, г1уллакхан кехат, д1акхайкхор (объявлени)) кхолла.

Меттан функциональни башхаллаш

Арахецархо 1емар ву:

тайп-тайпанчу жанрийн тексташ вовшах къасто а, царна анализ йан;

барта а, йозанан а аларш тайп-тайпанчу стилашкахь, жанрашкахь, къамелан тайпанашкахь (отзыв, хаам, 1илманан стилан жанр санна доклад); вистхилар, интервью, публицистически стиль санна репортаж; расписка, тоьшалла, официальни-г1уллакхан стиль санна заявлени; дийцар, къамелдар, къамелдаран жанр санна къовсам; дийцаран амалехь тексташ, рассуждени, описани; тайп-тайпанчу функциональни-маь1нийн къамелан тайпанашца цхьаьнайог1уш кхолла;

нехан а, шен а къамелан аларш тайп-тайпанчу функциональни аг1онаш коммуникативни лехамашца а, меттан нийсаллица а цхьаьнайог1уш хиларан мах хадо;

къамелан кхачамбацарш, тексташ нисйан;

шен накъосташна хьалха вистхила жимачу информационни хаамашца, иштта докладаца а, хаамца а дешаран-1илманан темица йог1уш йолу.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

тексташ къамелан амалца, 1илманан, публицистически, официально-г1уллакхан, исбаьхьаллин литературан тексташ, шена хетарехь, лексически, морфологически, синтаксически г1ирсийн башхаллех пайда а оьцуш, анализ йан а, къасто а;

тайп-тайпанчу функциональни стилийн, жанрийн (аннотаци, рецензи, реферат, тезисаш, конспект дешаран-1илманан стилан жанр санна) тексташ кхолла; дешаран-1илманан темина йолчу дискуссешкахь дакъалаца; резюме, г1уллакхан кехат, объявлени официально-г1уллакхан стилехь х1отто; вистхилар, информационни хаам, сочинени-ойлаяр публицистически стилехь кечдан; къамелехь, 1ер-дахаран т1екаренан къовсамашкахь, къамел лелоран бакъонаш ларъйеш, дакъалаца; 1ер-дахаран дийцарш, истореш кхолла, доттаг1аллин кехаташ йаздан, маттаца боцу лехамаш тидаме а оьцуш, меттан г1ирсех пайда а оьцуш;

нахалахь дечу къамелан кепехь болчу хьежаман композици, аргументаци, меттан куц, кхиамаш х1иттийначу коммуникативни хьесапийн анализ йан;

шен накъосташна хьалха жимачу протокольно-этикетан, самукъадаккхаран, кхеторан къамел деш вистхилар.

Маттах долу йукъара хаарш

Арахецархо 1емар ву:

коьртачу юкъараллин функцешца нохчийн мотт къасто;

литературни меттан а, диалектана а йукъара башхаллаш къасто, 1ер-дахаран мотт, меттан корматаллин тайпанаш, жаргон а, церан башхаллаш къастайан;

меттан коьрта суртх1отторан г1ирсех пайдаэцарца мах хадо.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

мотт кхиорехь гоьбевллачу лингвистийн йукъадиллинарг къасто.

Фонетика а, орфоэпи а. Графика

Арахецархо 1емар ву:

дешан фонетически анализ йан;

литературни меттан коьрта орфоэпически бакъонаш ларъйан;

дошамашна а, справочникашна а т1ера оьшу хаам схьаэца; тайп-тайпанчу г1уллакхдарехь цунах пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

фонетикин коьрта исбаьхьаллин г1ирсаш бовза;

прозаически а, поэтически а тексташ къастош йеша.

Морфемика а, дешан кхолладалар а

Арахецархо 1емар ву:

дешан анализ йарца маь1нийн, грамматически, дошкхолладаларан буха т1ехь дешнаш морфемашка декъа;

дошкхолладаларан 1амийна некъаш къасто;

морфемикех, дошкхолладаларх долчу хаарех, говзаллех нийсаяздаран дарехь, дешнийн грамматически, лексически анализ д1айахьарехь пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

дошкхолладаларан з1енаш а, дошкхолладаларан баннаш а къасто;

дошкхолладаларехь а, исбаьхьаллин а къамелехь коьрта исбаьхьаллин г1ирсаш бовза а, церан мах хадо а;

морфемни а, дошкхолладаларан а, этимологически а, мультимедийни а дошамашна а, справочникашна а т1ера цхьаьна оьшу хаам схьаэца.

Лексиологи а, фразеологи а

Арахецархо 1емар ву:

дешан лексически анализ кхочушъйан;

тематически тобанашца дешнаш вовшахтоха;

дешнашна антонимаш, синонимаш йало;

фразеологически карчамаш бовза;

барта а, йозанан а аларшкахь лексически барамаш (норманаш) ларбан;

дешан т1едеанчу маь1нийн буха т1ехь кхоллаелчу тропан коьрта тайпанаш (метафора, эпитет, олицетворени) йовза;

тайп-тайпанчу лексически дошамех (маь1нийн (толковый), синонимийн, антонимийн, фразеологизмийн, и. д.кх.) пайдаэца а, тайп-тайпанчу г1уллакхдарехь цу т1ера схьаэцначу хаамех пайдаэца а.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

дешан лексически а, грамматически а маь1нийн башхаллийн аргументаш йало;

тайп-тайпана омонимаш йовза;

публицистически а, исбаьхьаллин а къамелехь лексикин а, фразеологин а коьрта исбаьхьаллин г1ирсаш бовза а, церан мах хадо а; лексически г1ирсаш 1илманан а, официально-г1уллакхан а тексташкахь къамелан стилийн башхаллех пайдаэцарх кхето;

тайп-тайпанчу лексически дошамех (маь1нийн (толковый), синонимийн, антонимийн, фразеологизмийн, и. д.кх.), справочникех, мультимедийничарех а цхьаьна пайдаэца а, тайп-тайпанчу г1уллакхдарехь цу т1ера схьаэцначу хаамех пайдаэца а.

Морфологи

Арахецархо 1емар ву:

лааме коьрта къамелан дакъош а, церан кепаш а, г1уллакхан къамелан дакъош довза; дашна, къамелан дакъа санна, таллам бан;

морфологически хаарех а, говзаллех а нийсаяздарехь а, талламбаран (анализ йаран) тайп-тайпанчу кепашкахь а пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

морфологин синонимически г1ирсашна таллам бан (анализ йан);

грамматически омонимаш къасто.

Синтаксис

Арахецархо 1емар ву:

синтаксисан коьрта цхьааллаш (дешнийн цхьаьнакхетар, предложени), церан кепаш йовза;

шен барта а, йозанан а къамелехь тайп-тайпанчу синонимически синтаксически конструкцех а, синтаксически хаарех а, говзаллех а пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

синтаксисан синонимически г1ирсийн анализ йан;

синтаксисан публицистически а, исбаьхьаллин а къамелан исбаьхьаллин г1ирсаш бовза а, церан мах хадо а; текстaшкахь синтаксисан конструкцеш 1илманан а, официально-г1уллакхан къамелан стилийн башхаллаш йукъаялор кхето;

исбаьхьаллин лехаман хьежамехь синтаксисан конструкцийн башхаллаш йукъайалош, къамелан функционально-стилистически анализ йан.

Нийсаяздар: орфографи а, пунктуаци а

Арахецархо 1емар ву:

йоза д1адахьарехь (курсан чулацаман барамехь) орфографически а, пунктуационни а барамаш ларбан;

барта кепехь (ойлайар-рассуждени), йозанан кепехь (графически хьаьркийн г1оьнца) къастийна йаздар кхето;

орфографически а, пунктуационни а г1алаташ каро а, нисдан а;

орфографически дошамашна а, справочникашна а т1ера оьшу хаам схьаэца, йоза д1адахьарехь цунах пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

къамелан маь1нийн аг1онаш йовзийтарехь орфографин а, пунктуацин а меттиг гайта;

мультимедийни орфографически дошамашна а, справочникашна а т1ера оьшу хаам схьаэца; йозанехь оцу хаамех пайдаэца.

Мотт а, оьздангалла а

Арахецархо 1емар ву:

исбаьхьаллин литературехь а, исторически текстaшкахь а, халкъан барта кхолларалин говзаршкахь а къоман оьздангаллин декъан маь1ница меттан цхьааллаш билгалйаха;

мотт хааро шен мехкан истори а, оьздангалла а йовза г1о деш хилар гойтуш долу масалш дало;

1ер-дахарехь а, дешаран г1уллакхдарехь а нохчийн къамелан оьздангаллин бакъонех нийса пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

къастийначу масалш т1ехь меттан, оьздангаллин, халкъан историн мотт лелорхойн йукъаметтиг къасто;
нохчийн къамелан оьздангалла Россин а, дуьненан цхьадолчу къаьмнийн а къамелан оьздангаллица йуста а, анализ йан а.

2. Дешаран курсан чулацам

Нохчийн мотт Іаморан декъехула программин чулацаман коьрта башхаллаш билгалйина, коммуникативни, меттан, лингвистически, культуроведчески кхиарехь хаарш, шардарш карадерзорца доьзна.

Программин дІахІоттаман бухе диллинарг чулацаман кхо дакъа ду:

I. Коммуникативни хаарш карадерзо аьтто беш болу чулацам;
II. Меттан а, лингвистически а хаарш карадерзо аьтто беш болу чулацам;
III. Культуроведчески хаарш карадерзо аьтто беш болу чулацам.

I. Коммуникативни декъехула долчу хаарша шайна чулоцу массо а кепара къамелдаран а, барта а йозанан къамелан оьздангаллин баххаш карадирзина хилар; шен нийсархошца, психологически башхаллаш, зеделларг, дуьйцучуьнга шовкъ хилар а тидаме а оьцуш, тайп-тайпанчу дахаран хьелашкахь тІекаре йан а, къамел дан кийча а, хьуьнаре а хилар.

II. Меттан а, лингвистическиа декъехула долчу хаарша шайна чулоцу йукъараллин хиламехь маьІне долу хІума санна маттаца доьзна хаарш карадерзор; меттан дІахІоттам а, кхиар а, цо ден гІуллакх а дика девзаш хилар; нохчийн литературни мотт а, оьшуш болу дешнийн барам а, къамелан грамматически дІахІоттам а карабирзина хилар; меттан хиламаш мах хадо хаарца талла хааран хьуьнар карадерзор; тайп-тайпанчу лингвистически дошамех пайдаэца хаар.

III. Культуроведчески декъехула долчу хаарша шайна чулоцу къоман оьздангаллин кеп санна мотт тІелаца безарх а, халкъан истори а, мотт а вовшех бозабелла а, нохчийн мотт къоман оьздангаллин башхалла хиларх а кхетар; гІиллакхехь, норманаш ларйееш, нохчийн маттахь къамелдан а, кхечу къаьмнийн векалшца оьзда йукъаметтигаш лело а хаар.

I-ра чулацаман дакъа лаьтта хІокху дакъойх: «Къамел», «Текст», «Къамел дарехула долу гІуллакх».

II-гІа чулацаман дакъа лаьтта хІокху дакъойх: «Нохчийн маттах болу йукъара хаамаш», «Фонетика. Графика. Орфоэпи», «Дешан хІоттам а, дошкхолладалар а», «Лексика а, фразеологи а», «Морфологи», «Синтаксис», «Орфографи а, пунктуаци а».

III-гІа чулацаман дакъа хІокху декъаца билгалдина «Мотт а, оьздангалла а».
Дакъойн чулацам ша-ша къаьстина бовзуьйту, амма къамел кхиор доьзна ду хІора дакъа Іаморца а, цхьана кепе йалийначу меттан курсан хІора темица а. ХІора дакъа шина блоках лаьтташ ду: хьалхара – теманаш а, царах болу теоретически хаамаш а бовзийтар, шолгІа – хьалхарчу пунктехь цІераш йаьхна теманаш карайерзоран хьокъехь кхочушден дешаран коьрта гІуллакхаш довзийтар.

I. Коммуникативни хаарш кхиорехь кхачо йен чулацам

1-ра дакъа. Къамел а, къамелаца йен тІекаре а

1. Мотт а, къамел а. Монологически а, диалогически а, барта а, йозанан а къамел. Монолог. Диалог. Къамелаца йен тІекаре. Къамелан хьал а, цуьнан дакъош а. Йукъара а, книгийн а мотт. Йукъарчу меттан коьрта башхаллаш а, жанраш а. Къамелан стилаш:

Іилманан, гІуллакхан, публицистически. Іилманан, публицистически, гІуллакхан стилийн коьрта жанраш. Исбаьхьаллин литературин мотт.

2. Барта а, йозанан а, йукъара а, книгийн а монологически, диалогически къамелан коьртачу башхаллех кхеташ хилар а, уьш вовшех къасто хууш а хилар. Монологан а, диалоган а тайп-тайпана кепаш караерзор. Долчу хьоле а, тІекарейаран Іалашонашка а хьаьжжина, меттан гІирсех пайдаэцар. ТІекаре йар дукха хьолахь нислуш долчу хьелашкахь къамелан норманех нийса пайдаэцар карадерзор. Стилийн, жанрийн башхаллаш тидаме а оьцуш, тексташ вовшашца йустар, царна таллам бар. Тайп-тайпанчу стилашкахь, жанрашкахь ша барта а, йозанан а аларш кхоллар.

2-гІа дакъа. Къамелан оьздангалла

1. Литературни меттан норманех болу кхетам. Меттан норма а, цуьнан декхарш а. Нохчийн литературни меттан коьрта норманаш: орфоэпически, лексически, грамматически, стилистически, нийсайаздаран. Норманийн кепаш. Нохчийн меттан дошамаш.

2. Нохчийн литературни меттан коьрта норманаш карайерзор а, шен къамелехь уьш ларйар а. Литературни маттах лаьцна болу хаамаш схьалохуш дошамех пайдаэцар.

3-гІа дакъа. Текст

1. Текст къамелан произведени санна, цуьнан билгалонаш а, башхаллаш а. Тема, коьрта ойла, текстан дІахІоттам. Предложенийн, текстан дакъойн уьйрийн гІирсаш а, кепаш а. Абзац. Абзацо текстехь кхочушден гІуллакх. Текстан даран-маьІнин тайпанаш: суртхІоттор, дийцар, ойлайарца дийцар. Иэделла тайпанаш: ойлайаран кепашца суртхІоттор, суртхІотторан а, ойлайаран а кепашца дийцар и дІ. кх. а. Къамелан тайпанийн стилистически кепаш. Хаамийн текст йухаметтах1отторан коьрта тайпанаш: хьесап, конспект.

2. Текстан, даран-маьІнин муьлхачу тайпанан йу а, дІахІоттаме а, теме а, коьртачу ойлане а хьаьжжина, анализ йар. Шен ойланехь дерг маьІница хьалха-тІаьхьа догІург хила дезачу кепара нисдарца довзийтар. Текст маьІнин дакъошка йекъар а, текстан хьесап хІоттор а. Текстехь предложенеш вовшех йоьзна гІирсаш а, кепаш а билгалйар, къамелехь царах пайдаэцар. Текстан дІахІоттаман норманаш ларйеш (хьалха-тІаьхьа хила дезар цхьаьнадогІуш, кхеташ а, темица йогІуш а, йозаелла а хилар), тексташ кхоллар. Къамелан аларан мах хадор а, иза кхачаме далор а. Хьесапе а, конспекте а йерзош, текст йухакечйар.

4-гІа дакъа. Къамелдар

Къамелдаран тайпанаш: ладогІар, йешар, вистхилар, йоза.

ЛадогІар. Йуккъерчу барамехь лергана хозуьйтучу текстах цхьанакепара кхетар. Ша ладоьгІна йолу текст шорйинчу йа йацйинчу барамехь кхечуьнга дІакхачор. ШГІХ маттах кхеташ хилар.

Йешар: талларан, йовзаран, лахаран хьесапехь. Йешаран тайп-тайпана кепаш а, дешаран книгица я кхиболчу хаамийн хьостанашца болх бар а карадерзор.

Вистхилар. ТІекаре йаран хьоле а, меттиге а, Іалашонашка а хьаьжжина, барта монологически а, мехала социокультурни а, гІиллакх-оьздангаллин а, динан а дешаран теманашна аларш кхоллар. ХатІ (стиль) а, жанр а тидаме а оьцуш, монолог-суртхІотторан, монолог-дийцаран, монолог-ойлайаран кепара шен аларш кхоллар.

Йоза. ЛадоьгІна йа йешна текст йозане йерзор (ма-йарра, йацйина, хаьржина). Тайп-тайпанчу жанрийн, стилийн йозанан тексташ кхоллар. ГІуллакхан кехаташ хІиттор: дІахьедар (заявление), хаам бар (объявление), тоьшалла (доверенность), резюме.

ІІ. Маттах долу хаарш кхиорехь кхачо йен чулацам

1-ра дакъа. Нохчийн маттах болу йукъара хаамаш

1. Нохчийн мотт – Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт. Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт. Мотт – адамийн уьйран а, кхиаран а, къийсаман а гІирс.

2. Меттан мехаллех а, йукъараллин дахарехь цо дІалоцучу меттигах а кхеташ хилар.

2-гІа дакъа. Фонетика. Графика. Орфоэпи

1. Фонетика а, графика а, орфоэпи а лингвистикин дакъош санна. Аз – меттан уггар а жима дакъа. Озан а, элпан а дазар. ХІинцалера нохчийн абат. Фонетически транскрипцин цхьайолу кепаш (элементаш). Мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Къамелдарехь аьзнийн хийцадалар. Нохчийн меттан шатайпана аьзнаш. Деха а, доца а мукъа аьзнаш. Дифтонгаш. Нохчийн меттан интонаци, интонационни конструкцийн коьрта тайпанаш. Орфоэпин коьрта норманаш.

2. Деха а, доца а, мукъа а, мукъаза а, зевне а, къора а аьзнаш къестор. Дешан озан а, элпан а хІоттам дуьхь-дуьхьал хІоттор. Дешан озан-элпан анализ йар. Дешнаш дакъошка декъар. Дош цхьана могІанера вукху могІане сехьадаккхаран хаарш карадерзор. Нохчийн меттан интонаци а, орфоэпически норманаш а карайирзина хилар. Нохчийн меттан интонацин а, аьзнийн къепен а башхаллех кхеташ хилар.

3-гІа дакъа. Дешан хІоттам а, дошкхолладалар а

1. Морфема меттан жима а, маьІне а дакъа хиларх кхетар. Дешан лард а, чаккхе а. Орам. Цхьанаораман дешнаш. Орамерчу элпийн хийцадалар. Суффикс. Дешхьалхе.
Схьадовлаза а, схьадевлла а дешнаш. Дошкхолладаларх а, хийцадаларх а болу кхетам. Дошкхолларан а, формакхолларан а морфемаш. Нохчийн меттан дошкхолларан коьрта некъаш. Дошкхолладаларан га (пара) а, дошкхолладаларан зІе а. Морфемни а, дошкхолладаларан а дошамаш.

2. Нохчийн дешан хІоттаман башхаллех кхеташ хилар. Дешнаш а, дешан форманаш а кхолларехь морфемаша дечу гІуллакхах кхеташ хилар. Дешан морфемаш къастор. Дошкхолларан дакъошка хьаьжжина, дешан мехалла билгалйар. Цхьанаораман дешнаш харжар, къамелехь царах пайдаэцар. Дешнийн зІенаш а, дешнаш кхолларан коьрта некъаш а билгалдар. Тайп-тайпанчу некъашца дешнаш кхолла хаар карадерзор. Нийсайаздарехь дошкхолладаларан а, морфемийн а декъехула карадирзинчу хаарех, шардарех пайдаэцар. Тайп-тайпана хьесапаш морфемийн а, дошкхолладаларан а дошамашца кхочушдар.
Дешан хІоттамца дешнаш таллар, дошкхолладаларан таллам бар.

4-гІа дакъа. Лексика а, фразеологи а

1. Дош – меттан цхьа дакъа. Дешан лексически а, грамматически а маьІна. Къоман оьздангаллин маьІнин дакъа шайца долу дешнаш. ЦхьанамаьІнин а, дукхамаьІнийн а дешнаш, дешан нийса а, тІедеана а маьІна. Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш.
Нохчийн меттан лексика, шен схьайаларе хьаьжжина (билггала нохчийн а, тІеэцна а), жигара а, кІезиг пайдаоьцу а (историзмаш, архаизмаш, неологизмаш), цунах пайдаэцаран гуо (йукъара, шуьйра пайдаоьцу дешнаш, диалектизмаш, терминаш, профессионализмаш).
Лексикин стилистически дакъош: книжни, йукъара, къамелан.
Фразеологизмаш, церан билгалонаш а, маьІна а. Аларш, дустарш, кицанаш.
Нохчийн меттан дошамаш. Шинаметтан дошамаш.

2. Дахаран хьелашкахь тІекареш дІакхехьарна оьшучу барамехь лексически а, фразеологически а аларш карадерзор. ТІекаре йаран хьоле а, Іалашоне а хьаьжжина, къамелехь шайн маьІнашца вовшашца даза тарлуш долчу дешнех пайдаэцар. Дешнийн маьІнаш къасторхьама а, синонимаш, антонимаш, фразеологически цхьаьнакхетарш харжархьама а, тайп-тайпанчу дошамашца болх бар. Дош лексически къастор.

5-гIа дакъа. Морфологи

1. Морфологи – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан къамелан дакъош. Коьрта къамелан дакъош. Церан грамматически маьIна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а. Нохчийн меттан дожарийн къепе: маьIна, кепаш, пайдаэцар. Нохчийн меттан къамелан дакъойн хенийн, классан гайтамийн къепе: маьIна, кепаш, пайдаэцар. ГIуллакхан къамелан дакъош. Церан маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически гIуллакх. ГIуллакхан къамелан дакъойн тайпанаш: маьIна, хIоттам, синтаксически гIуллакх. Айдардешнаш а, азтардаран дешнаш а.

2. Шайн коьртачу билгалонашца тайп-тайпана къамелан дакъош довзар. Дош морфологически къастор. Нохчийн литературни меттан норманашца догIуш тайп-тайпанчу къамелан дакъойн дешнийн кепех (форманех) пайдаэцар. Нохчийн а, оьрсийн а меттанийн къамелан дакъойн йукъара долчух а, йукъара доцчух а кхетар.

6-гIа дакъа. Синтаксис

1. Синтаксис – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан синтаксисан дакъош. Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан дIахIоттам а, тайпанаш а. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйр а, тайпанаш а (бартбар, урхалла, тIетовжар). Предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически маьIна а. Аларан Iалашоне а, эшаре а хьаьжжина, предложенийн тайпанаш. Предложени кечйеш болу гIирсаш: эшар (интонаци), логически тохар, дешнийн къепе. Предложенин грамматически бух. Цхьалхе а, чолхе а предложенеш. Цхьалхе предложени. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш а, церан хилар а. Цхьалхечу предложенийн тайпанаш: шинахIоттаман а, цхьанахIоттаман а, йаьржина а, йаржаза а, йуьззина а, йуьззина йоцу а, чолхейаьлла а, чолхейалаза а. ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш. Чолхейаьлла предложени. Цхьанатайпанчу а, шакъаьстинчу а меженашца а, тIедерзарца а, йукъадалочу дешнашца а, йукъайалочу конструкцешца а йолу предложенеш. Чолхе предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически бух а. Чолхечу предложенийн тайпанаш: хуттургийн а, хуттургаш йоцу а, чолхе-цхьаьнакхетта а, чолхе-карара а. Чолхе-цхьаьнакхетта предложени: дIахIоттам, тайпанаш, вовшех йозаран гIирсаш а, кепаш а. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Чолхе-карара предложенеш: дIахIоттам, тайпанаш. Чолхе-карарчу предложенехь коьртачу а, тIетухучу а предложенийн уьйран гIирс. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Хуттургаш йоцу чолхе предложени, дIахIоттам. Хуттургаш йоццу чолхечу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Нехан къамел довзийтаран кепаш. Текст синтаксически дакъа санна. Предложенийн а, текстан дакъойн а уьйрийн гIирсаш а, кепаш а.

2. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйран кеп къастор, предложенин грамматически бух билгалбар. Цхьалхечу а, чолхечу а предложенийн тайпанаш билгалдар. Предложени синтаксически къастор. Чолхе-карара предложенеш цхьалхечу а, цхьалхенаш чолхечу а предложенешка йерзор. Текст а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а кхолларан норманаш ларйар.

7-гIа дакъа. Орфографи а, пунктуаци а

1. Орфографи дешнаш а, церан форманаш а нийсайазйар раж къепе санна. Орфограммех кхетам балар. Орамера элпаш нийсайаздар. Дешхьалхенаш, суффиксаш, чаккхенаш нийсайазъйар. Ъ, Ь нийсаяздар. Цхьаьна а, дефисца а, къаьстина а йаздар. Доккха а, жима а элп йаздар. Дош сехьадаккхар. Орфографически дошамаш а, справочникаш а. Пунктуаци нийсайаздаран бакъонийн къепе санна. Пунктограммех кхетам балар. Предложенин чаккхенгахь, цхьалхечу (чолхейаьллачу а, чолхейалазчу а), чолхечу предложенешкахь, ма-дарра къамелехь, цитаташкахь, диалогехь сацаран хьаьркаш.

2. Орфографически а, пунктуационни а хааршца йоьзна само кхиор. Йозанехь орфографически а, пунктуационни а коьрта норманаш ларйар. Дош орфорграфически

къастор. Пунктуационни къастор. Орфографически а, пунктуационни а хьесапаш кхочушдеш орфографически дошамех, нийсайаздаран справочникех пайдаэцар.

III. Культуроведчески хаарш кхиорехь кхачо йен чулацам

1-ра дакъа. Къоман оьздангалла маттахь а, къамелехьа

1. Мотт а, оьздангалла а вовшех йозайелла хилар. Нохчийн мотт – исбаьхьаллин литературин мотт. Маттахь къоман истори а, культура а гайтар. Нохчийн къамелан оьздангалла а, цуьнан башхаллаш а. Россехь дехачу къаьмнийн меттанаша вовшашна бен тIеIаткъам.

2. Халкъан барта кхолларалин а, исбаьхьаллин литературин а произведенешкахь къоман оьздангаллин дакъа шеца долу меттан цхьааллаш билгалъяхар, лингвистически дошамийн гIоьнца церан маьIнаш дастар. Матте оьздангаллин хиламе санна хьажар. Мотт ларар, цуьнга шовкъ кхоллар.

3. Дешаран-тематикин хьесап

5-г1а класс

Дешаран курсан дакъа	Сахьтийн барам			
		Дикт	Излож	Сочинени
Карладаккхар	7	1		
Синтаксис а, пунктуаци а	11		1	
Предложенин коьрта а, коьртаза меженаш	29	2		1
Фонетика, графика, орфографи	15		1	
Лексикологи	9	1		
Дешан х1оттам	11	1		1
Ц1ердош	17	1		1
Iамийнарг карладаккхар	1			
Дерриг	102	6	2	3

6-г1а класс

№	Дешаран темин дакъа	Сахьтийн барам	Талламан кеп.		
			Дикт.	Сочинени	Излож.
1	Карладаккхар	7			
2	Текст а,цуьнан башхаллаш а	5	1		
3	Къамелан дакъош..Билгалдош	17	1	1	
4	Терахьдош	20	1		1
5	Ц1ерметдош	21	1	1	
6	Хандош	27	1		2
7	6-чу классехь 1амийнарг карладаккхар	2	1		
	Дерриге	102	6	2	3

7-г1а класс

Дешаран курсан дакъа	Сахьтийн барам	Царех		
		Дикт	Изл	Соч
Карладаккхар	7	1		
Литературни меттан стилаш	3			
Хандош	24	2		1
Причасти, деепричасти	23	1	1	
Масдар	12	1		1
Куцдош	13	1		
Г1уллакхан къамелан дакъош	18	1	1	
Іамийнарг карладаккхар	5			
Дерриг	**102**	7	2	2

8-г1а класс

Дешаран курсан дакъа	Сахьтийн барам	дик	изл	соч
Карладаккхар	5	1		
Дешнийн цхьаьнакхетарш	5			
Предложенин коьрта меженаш	16	1	1	
Предложенин коьртаза меженаш	23	1		1
Цхьалхечу предложенин кепаш	11	1		
Предложенин цхьанатайпана меженаш	10		1	
Предложеница грамматически уьйр йоцу дешнаш	5			
Предложенин шакъаьстина меженаш	11	1		1
Ма-дарра а, лач а къамел	11	2		
Іамийнарг карладаккхар	3			
Дерриг	**102**	7	2	2

9-г1а класс

Дешаран курсан дакъа	Сахьтийн барам	дик	тест	изл	соч
Карладаккхар	12	1			
Чолхе предложени	4			1	
Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш	11	1	1		
Чолхе-карара предложенеш	8			1	
Т1етухучу предложенийн кепаш	26	1	1	1	
Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш	17	1	1		1
Маттах лаьцна йукъара хаамаш	16	1			1
1амийнарг карладаккхар	8	2	1		
Дерриг	**102**				

Дешаран-методически комплект (УМК)

I. Йуккъерчу йукъардешаран ишколашна лерина нохчийн меттан lаматаш:

1. Овхадов М.А., Махмаев Ж.М., Абдулкадырова Р.А. 5, 6-чуй классашна.
2. Овхадов М.А., Абдулкадырова Р.А. 7-чу классана.
3. Джамалханов З.Д., Вагапова Т.М., Эсхаджиев Я.У., Овхадов М.Р., Абдулкадырова Р.А. 8 – 9-чуй классашна.

II. Нохчийн меттан lаматашна методически хьехамаш.

III. Диктантийн, изложенийн гуларш. Тайп-тайпана тексташ, тесташ.

IV. Дешаран дошамаш.

ПхоьалгIачу классехь нохчийн мотт хьехаран
рузманан-тематикин хьесап

Предмет хьехарехь пайдаоьцу 1аматаш:

«Нохчийн мотт», 5-чу классана 1амат. Соьлжа-Г1ала, 2022. Овхадов М.Р., Махмаев Ж. М., Абдулкадырова Р.А.
Пхоьалг1ачу классехь нохчийн мотт хьехаран куьйгалла. Г1о-1амат. Соьлжа-Г1ала, 2022. Ахмадова Д.С.

РогIалла	**Чулацам**	**Сахьт**	**Хан**	
			Хьесапца	**Билггал**
1-ра четверть – 24 сахьт				
			Сентябрь	
Карладаккхар (7)				
1	Вайн мотт – вайн хазна.	1	4	
2	Йуьхьанцарчу классашкахь 1амийнарг карладаккхар. Дешан чаккхенгахь шала мукъаза элпаш.	1	5	
3	Къамелан дакъош. Ц1ердош.	1	7	
4	Билгалдош.	1	11	
5	Талламан болх «Бекъа.» Дешаран шо чекхделира. Т1екхечира аьхкенан каникулаш. Хьуьсен Идрис волчу бригаде балха вахара. Сатоссуш хьала а г1оттий, бекъа 1амо волалора иза. «Казбек, схьало ког! Казбек, гора х1отта!»-бохуш 1амайора Хьуьсена иза. Инзаре дара Хьуьсен дуьххьара цунна т1ехууш. Бекъо охьатоьхна лазорна кхоьруш, наха т1ехаа ца вуьтура иза. Амма к1ант кхоьруш вацара. Бекъан амал дика йевзара цунна. Дуьрстанан гаьллаш бага а йоьхкина, бекъа керта юххе а оьзна, т1ехиира Хьуьсен. Казбек т1ехьарчу когаш т1е ира а х1уьттуш, готийсайелира. Вехха идийра цо иза, амма Хьуьсен ч1ог1а 1ара говрахь. Дика хаьара цунна говраца шен дег1 лело…. (90 дош. Х.-А.Берсанов. «Вайн махкара акхарой а, олхазарш а.) Грамматически т1едахкарш. 2.) *3-чу абзацера схьаязде:* 1-ра вариант-*ц1ердешнаш.* 2-г1а вариант- *билгалдешнаш.* 2.) *К1ел сиз хьаькхначу дешнийн дожарш билгалде.*	1	12	
6	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	14	
Синтаксис а, пунктуаци а (11)				
7	Синтаксисах кхетам.	1	18	
8	Дешнийн цхьаьнакхетарш.	2	19,21	
9	Дешнийн цхьаьнакхетарш т1еч1аг1дар.	1	25	
10	Изложени йазйар. «Ден весет» Цхьана стеган ворх1 к1ант хилла. Мацца а, шех лен цамгар кхетча, дас, кхайкхина и ворх1е к1ант те1 а валийна, цаьрга аьлла:	1	26	

	-Ворх1е а, ваха а г1ой, цхьацца сара а бохьуш чувола, аса, со валал цхьа весет дийр ду шуьга! Цхьацца сара бохьуш, чу а веана, ворх1е а дена хьалха д1ах1оьттина. Дас аьлла: «И ворх1е а сара вовшах а тохий, т1ийриг а хьарчайай, цхьа ц1ов бе». Шайга аьлларг дина к1енташа. Дас воккхахволчу к1анте аьлла: -Схьаэцал, к1ант, уьш кагдан хьажал. Цу серах дина девзиг, гоьла т1е а те1ош, кагдан г1ертарх, ца кагделла к1анте. Цуьнга санна, вухку вежаршка а аьлла дас. Цаьрга а цхьаьнгге а ца кагделла девзиг. Т1аккха дас аьлла: - И хора сара къаста а бай, ша-ша а баккхий, хьовсал, шайга уьш кеглой. Цо ма-аллара, серий ша-ша даьхна, кегдина. Дас т1аккха шен к1енташка аьлла: -Хьовсал, сан к1ентий. И аша цхьаьна вовшахтоьхна ворх1 сара санна, шу цхьаьна, бертахь, вовшийн г1о деш хилахь, шух адам а кхаьрдар дац, амма шу вовшахдовлахь, наха шу а лорур дац. Барт цхьаъ болуш хилалалш. Барт ч1ог1а маь1на долуш х1ума ду шуна.			
11	Предложени. Предложенийн тайпанаш.	1	28	
		Октябрь		
12	Дийцаран предложенеш.	1	2	
13	Хаттаран предложенеш.	1	3	
14	Айдаран предложенеш.	1	5	
15	Т1едожоран предложенеш.	1	9	
16	Т1едожоран предложенеш.	1	10	
17	Предложенийн тайпанаш т1еч1аг1дар.	1	12	
	Предложенин коьрта меженаш(29)			
18	Подлежащи.	1	16	
19	Сказуеми.	1	17	
20	Подлежащи,сказуеми.Т1еч1аг1дар.	1	19	
21	Талламан болх йазбар « Нана-Даймохк» Бийцина ца валлал, хаза, беркате мохк бу вайн. Тайп-тайпана дитташ долу хьаннаш йу, шера аренаш, лекха лаьмнаш. Чухьаьжча, йуьхь-сибат а гуш, бухдуьйлу сирла шовданаш. Исбаьхьа чухчареш йу дешица, детица кхелина. Дитта т1е олхазар хуу. Цо вайга дагара дуьйцу, шен зевне аз вайн дегнех а хьерчош. Т1аккха ойла кхоллало: «Ма хаза а, ма зевне а бу-кх хьо, Нана-Даймохк,»-олий. Иштта вайн мохк хаза, токхе хиларна деха вайца и тайп-тайпана олхазарш. Бес-бесара бецаш йу, шеца олхазаршна дез-деза х1у а долуш. Стоьмаш бу: кхораш, комарш, стеш, хьармакаш (шиповник)… . Уьш олхазарийн даарш ду. Адамаша олхазарийн 1уналла дан деза. 1ай арахь йаах1ума а латтош, дитташ т1е гуйш а (кормушка)	1	23	

	ухкуш… (113дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.») Грамматически т1едиллар. *Морфологически таллам бе.* 1-ра вариант. 2-г1а вариант. *Аренаш, ойла, стоьмаш.* *Бецаш, кхор, шовданаш* 3-г1а вариант. *Мохк, дитташ,нана*			
22	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	24	
23	Предложенин коьрта меженаш карлайахар. Тест.	1	26	
	2-гIа четверть – 23 сахьт			
	Предложенин коьртаза меженаш		**Ноябрь**	
1	Кхачам.	1	7	
2	Кхачам. Т1еч1аг1дар.	1	9	
3	Къастам.	1	13	
4	Къастам.Т1еч1аг1дар.	1	14	
5	«Дашо гуьйре» сочинени йазйан кечам бар.	1	16	
6	«Дашо гуьйре» сочинени йазйар.	1	20	
7	Латтам.	2	21,23	
8	Латтам. Т1еч1аг1дар.	1	27	
9	Йаржаза а, йаьржина а предложенеш.	1	28	
10	Предложенин цхьанатайпана меженаш.	1	30	
			Декабрь	
11	Предложенин цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш.	1	4	
12	Предложенин цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш т1еч1аг1дар.	1	5	
13	Т1едерзар.	1	7	
14	Т1едерзарехь сацаран хьаьркаш.	1	11	
15	Чолхе предложенеш.	2	12,14	
16	Хуттургаш йолу чолхе предложенеш.	1	18	
17	Талламан болх йазбар «1а» 1а 1аламехь уггар шийла хан йу. Муха хуур ду, 1а доьлча? Халкъо олуш ду: «Малх ц1а кхаьчча, 1а дулу». Иза нийса ду. Де уггар дацделла хан хуьлу иза. Цул т1аьхьа дог1у масех де кхин хийца ца луш лаьтта. И денош д1адевлча, де дахдала долало. 1аьнан уггар шийла цхьа мур хуьлу. Цунах чилла олу. Чилла юлу 1а доьлла ткъа де д1адаьлча. Иза шовзткъа дийнахь-бусий лаьтта. Чиллахь, г1айба санна, т1е ло а диллина, массо генаш лаьтта х1уьттуш букардахна хуьлу дитташ, коьллаш. 1аьнан хьун, хьежа ца к1ордош, исбаьхьа хаза хуьлу. Х1аваъ ц1ена саде1а атта долуш. (94 дош. Хь.Хасаев. «1аьнан чиллахь.») Грамматически т1едахкарш. 1.) *Билгалдаха деха мукъа аьзнаш*.(Кеп. Ш<u>и</u>йла) 2.) *Схьаязде*: 1-ра вариант-*мукъаза шалха ши элп ул-уллохь лаьтташ долу дешнаш.* 2-г1а вариант -*шала мукъаза элпаш шайца долу дешнаш.*	1	19	

18	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	21	
19	Ма-дарра къамел. Ма-дарра къамелехь сацаран хьаьркаш.	1	25	
20	Диалог	1	26	
21	Текст	1	28	
	3-гIа четверть –32 сахьт			
	Фонетика. Мукъа а, мукъаза а аьзнаш.(16)		**Январь**	
1	Ма-дарра къамелах, диалогах 1амийнарг т1еч1аг1дар	1	9	
2	Синтаксисах, пуктуацех 1амийнарг карладаккхар, т1еч1аг1дар	1	11	
3	Фонетика. Мукъа а, мукъаза а аьзнаш.	1	15	
4	Нохчийн абатан д1ах1оттам.	1	16	
5	Ши аз билгалдеш долу мукъа элпаш.	1	18	
6	Зевне а, къора а мукъаза аьзнаш.	1	22	
7	Шала мукъаза элпаш.	1	23	
8	Доца шеконан мукъа аьзнаш хандешнашкахь.	1	25	
9	«Майра хьаша» изложени йазйан кечам бар.	1	29	
10	«Майра хьаша» изложени йазйар.	1	30	
			Февраль	
11	Деха а, доца а мукъа аьзнаш.	1	1	
12	Дифтонгаш иэ, уо.	1	5	
13	Й элп йаздаран бакъонаш.	1	6	
14	Ъ элп йаздар.	1	8	
15	Дош фонетически талларан кеп.	1	12	
16	Фонетиках, графиках, орфографех 1амийнарг карладаккхар.	2	13,15	
17	Транскрипцех кхетам.	1	19	
	Лексикологи (10)			
18	Лексикологех кхетам.	1	20	
19	Дешан нийса а, тардина а маь1наш.	2	22,26	
20	Омонимаш.	1	27	
21	Синонимаш.	1	29	
			Март	
22	Антонимаш.	1	4	
23	Фразеологизмаш йа дешнийн ч1аг1делла цхьаьнакхетарш.	1	5	
24	Фразеологизмаш йа дешнийн ч1аг1делла цхьаьнакхетарш т1еч1аг1дар.	1	7	
25	Лексикологех 1амийнарг карладаккхар.	1	11	
26	Талламан болх. Тест.	1	12	
	Дешан хIоттам(11)			
27	Дешнаш кхолладалар.	1	14	
28	Гергара дешнаш а, дешан орам а.	1	18	
29	Дешан чаккхе.	1	19	
30	Дешхьалхе.	1	21	
	4-гIа четверть – 23 сахьт			
			Апрель	
1	Суффикс.	1	1	
2	**Талламан болх йазбар «Жа дажош»**	1	2	

	Кест-кеста вовшашна уллохь нислора жа дажош волу Ибрах1иммий, бажа бажош волу Ханпаший. Ханпашина цхьац ца тайпа хьехамаш бора воккхачу стага. Цо цунна дуьйцура май раллех а, доьналлех а, стогаллех а лаьцна. Ханпашас боккхачу безамца ладуг1ура воккхачу стага дуьйцучуьнга. Дуьххьал д1а Ханпаша зерхьама, Ибрах1има элира: - Ва, Паша, нехан бежнаш дажош лелар эхь ду ца аьлла хьоьга цхьаммо а? - Эхь хьаха ду нахе сискал йоьхуш лелча, - сихха жоп делира Ханпашас. -Кхул тоьлаш болх бацара хьуна кхузахь? - Сунна нефтекачке балха ваха лаьара, амма со д1а ца оьцу, жима ву бохуш. (91 дош) Грамматически т1едиллар. 1.2-чу предл.бе синтаксически къастам. 2.Цхьанатайпанарчу меженашна буха сиз хьакха. 3.Карае чолхе предл. Амма хуттургаца. Грамм.баххаш билгалбаха 4.Т1едерзар билгалдаккха. 5. Автор дешнаш билгалдаха. 6.Диалог йуххе Д дилла.			
3	Лард.	1	4	
4	Схьадевлла а, схьадовлаза а дешнаш.	1	8	
5	Схьадевлла а, схьадовлаза а дешнаш т1ечlаг1дар.	1	9	
6	Дешан х1оттамах 1амийнарг карладаккхар.	1	15	
	Цлердош(18)			
7	Ц1ердош.	1	18	
8	Йукъара а, долахь а ц1ердешнаш.	1	22	
9	Ц1ердешнийн цхьаллин а, дукхаллин а терахь.	1	23	
10	Ц1ердешнийн грамматически классаш.	1	25	
11	Ц1ердешнийн дожарш.	1	29	
12	Ц1ердешнийн дожарийн чаккхенаш.	1	30	
			Май	
13	Ц1ердешнийн легарш.	1	2	
14	Ц1ердешнийн легарш т1ечlаг1дар.	1	6	
15	Дацаран дакъалг ца ц1ердешнашца нийсаяздар.	1	7	
16	«Б1аьстенан Іалам» сочинени йазйан кечам бар.	1	13	
17	«Б1аьстенан Іалам» сочинени йазйар.	1	14	
18	Ц1ердешнийн суффиксаш.	1	16	
19	Ц1ердешнийн кхолладалар.	1	20	
20	Цхьадолчу оьрсийн маттара т1еэцначу дешнийн нийсайаздар.	1	21	
21	Ц1ердешан грамматически таллар.	1	23	
22	**Шеран талламан болх йазбар** **«Б1аьстенан суьйре.»** Хаьий хьуна, доттаг1а, нохчийн лаьмнашкахь б1аьстенан суьйре мел хаза хуьлу? Гобаьккхина, б1аьрг мел кхочу а, гуш хуьлу, говзачу куьйгаша лерина басар хьаькхча санна, лилула-сийна басеш. Царна т1ехь техкачу стеша а, коканийн коьллаша а, хьаьрса-хьечаша а хьалххехь заза доккхий, мел генара йуьрта кхачайо цхьа ша-тайпа тамашийна хаза хьожа. Лаьмнашна т1ехьа бала карах ца долуш, тийсалуш, сецалуш, буха г1ертачу малхо шен дашо з1аьнарш басешц	1	25	

	д1айаржайой, исбаьхьа суьрташ х1иттош лепо доладо басешна куз хилла 1охку и хаза зезагаш. 1аламан х1оттамах даккхийдеш, царна т1ехула дайн хьийзаш хуьлу басна тайп-тайпана долу полларчий, дахарна саьхьара долу накхаран мозий, з1уганашший. Секха-1одаца кхоьссина пха санна, мозашний, чуьркашний чухехкалуш, шок йетташ, хьийзаш хуьлу т1ам 1аьржа ч1ег1ардигаш. (107 дош)			
23	Ц1ердашах 1амийнарг т1еч1аг1дар	1	27	

ЙолхалгIачу классехь нохчийн мотт хьехаран
рузманан-тематикин хьесап

Предмет хьехарехь пайдаоьцу 1аматаш:
«Нохчийн мотт», 6-чу классана 1амат. Соьлжа-Г1ала, 2022. Овхадов М.Р., Махмаев Ж. М., Абдулкадырова Р.А.
Йолхалг1ачу классехь нохчийн мотт хьехаран куьйгалла. Г1о-1амат. Соьлжа-Г1ала, 2022. Джамиева С.У., Нухаева З.Х.-М., Пайтаева Х.А.-В.

РогIалла	Урокан чулацам	Сахьт	Хан	
			Хьесапца	Билгтал
1-ра четверть – 25 сахьт				
Карладаккхар(7)			**Сентябрь**	
1	Вайн мотт – вайн бахам.	1	1	
2	Iамийнарг карладаккхар. Предложенин меженаш.	1	4	
3	Омонимаш, синонимаш, антонимаш.	1	6	
4	Дешан лард, чаккхе, орам, дешхьалхе, суффикс.	1	8	
5	Къамелан дакъош.	1	11	
6	**Талламан болх йазбар.** **« Нана-Даймохк»** Бийцина ца валлал, хаза, беркате мохк бу вайн. Тайп-тайпана дитташ долу хьаннаш йу, шера аренаш, лекха лаьмнаш. Чухьаьжча, йуьхь-сибат а гуш, бухдуьйлу сирла шовданаш. Исбаьхьа чухчареш йу дешица, детица кхелина. Дитта т1е олхазар хуу. Цо вайга дагара дуьйцу, шен зевне аз вайн дегнех а хьерчош. Т1аккха ойла кхоллало: «Ма хаза а, ма зевне а бу-кх хьо, Нана-Даймохк,»-олий. Иштта вайн мохк хаза, токхе хиларна деха вайца и тайп-тайпана олхазарш. Бес-бесара бецаш йу, шеца олхазаршна дез-деза х1у а долуш. Стоьмаш бу: кхораш, комарш, стеш, хьармакаш (шиповник)… . Уьш олхазарийн даарш ду. Адамаша олхазарийн 1уналла дан деза. 1ай арахь йах1ума а латтош, дитташ т1е гуйш а (кормушка) ухкуш… (113дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.») **Грамматически т1едиллар.** *Морфологически таллам бе.* 1-ра вариант. 2-г1а вариант. *Аренаш, ойла, стоьмаш.* *Бецаш, кхор, шовданаш* 3-г1а вариант. *Мохк, дитташ,нана*	1	13	
7	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	15	
Текст(5)				
8	Текст а, цуьнан башхаллаш а.	1	18	
9	Текстан коьрта чулацам, маьIнин коьрта дешнаш.	1	20	
10	Текстан коьрта билгалонаш	1	22	
11	Текст а, къамелан стилаш а.	1	25	

12	1амийнарг т1еч1аг1дар	1	27	
	Билгалдош(18)			
13	Билгалдош, цуьнан маь1на.	1	29	
			Октябрь	
14	Билгалдешнийн тайпанаш.	1	2	
15	Билгалдешнийн тайпанаш тIечIагIдар.	1	4	
16	Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш.	2	6,9	
17	Билгалдешнийн терахьашца хийцадалар.	1	11	
18	**«Ларде вай 1алам!» сочинени йазйан кечам бар.**	1	13	
19	**«Ларде вай 1алам!» сочинени йазйар.**	1	16	
20	Билгалдешнийн классашца хийцадалар.	1	18	
21	Мухаллин билгалдешнийн даржаш.	1	20	
22	**Талламан болх йазбар.** **«Новкъахь»** Б1е ткъа километр некъ хьалхалецира автобусо. Х1ара ткъе ворх1азлаг1а вог1уш вара кху новкъа. Т1аьххьарчу ворх1-барх1 шарахь-м шера асфальт биллинчу новкъа атта йоьдура автобус. Цо делкъале кхачавора Семёновке. 1одо кхоьссича санна йоьдура и, некъа йистера йалташ йагарйеш. Кхунна х1ора колл йевзара кху новкъахь. Колл-м йан а йацара. Аьхкенан малхо къиза йагийна, хьакхаделча куьйга хадор долуш, нилха йаьлла йоца ира буц йара. Цхьа 1индаг1 а дацара б1аьрго ма-лоццу д1а, анайистах хотталучу, шерачу, йалта эрина ч1анайаьллачу арахь. Аренна т1ейижинчу йовхонан йуькъачу тоьвнан тулг1еш хедош йоьдучу автобус чу довха х1о детталора.88 Шовзткъе пхоьалг1ачу шарахь кхо г1аш бинарг бара х1ара. Х1етахь-м х1ара берриге а г1амаран бара. Ког баьккхича, мачаш къайлайовлура а багош, чуьра когаш а багош… (112дош. Яшуркаев С. “Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх.») **Грамматически т1едахкарш.** 1. *Буха сиз хьакха билгалдешнашна а, терахьдешнашна а.* 2. *Морфологически таллам бе.* 1-ра вариант. 2-г1а вариант. *Ткъе ворх1* *керла (ло)* 3-г1а вариант. *ворх1-барх1 (шо)*	1	23	
23	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	25	
24	Билгалдешнийн легарш.	1	27	
	2-гIа четверть – 23 сахьт			
			Ноябрь	
1	Билгалдешнийн легарш тIечIагIдар.	1	8	
2	Билгалдешнийн кхолладалар.	1	10	
3	Билгалдашах Iамийнарг карладаккхар.	1	13	
4	Т1еэцна билгалдешнаш нийсайаздар.	1	15	
5	Билгалдош грамматически къастор.	1	17	

	Терахьдош(20)			
6	Терахьдош.	1	20	
7	Масаллин терахьдешнаш.	1	22	
8	Масаллин терахьдешнаш т1еч1аг1дар.	1	24	
	Изложени **«Дуьххьарлера хьехархо»** Тхешан куьпарчу берашца школе йигира со а. Мел хаза хетара суна! Моьттура, дерриг дуьне оцу сайн жимачу т1оьрмиг чохь ду, цу чуьрчу абато со цхьана тамашеначу ирсе кхачор ю. Лулахойн бераша хьехархочуьнга д1айелира со. Тхан йишин Элитин хенара йо1 йара иза. Х1етахь дуьйна дуккха а шераш д1адевлла. Амма суна цкъа а диц ц ало и де, сайн дуьххьарлерачу хьехархочун сурт а. Х1инца а гуш санна хета цуьнан эсала, йекхна, к1айн горга йуьхь, къинхетаме б1аьргаш, букъ буьззина ловзу стомма 1аьржа ши ч1аба, д1аса т1емаш тесна, даьржина 1аьржа ц1оцкъамаш, к1еда аз. Суна а, тхуна массарна а Белител дагна хьоме адам дацара. Цо т1ейуьйхина муьлхха коч, тиллина йовлакх, лергех оьхкина ч1агарш, когара мачаш – уьш механа мел йорах хиллехь а, тхуна исбаьхьа исбаьхьа хетара. Тхо дерриш а цунах тардала г1ертара. Тхуна йуккъехь тасаделла доттаг1алла милла а хьоьгур волуш, довха, безаме дара. Массанхьа а тхоьца йара Белита. Х1инца а ойла йо ас: цо йешаза книга, цунна ца хууш х1ума хила а хиллий техьа? Муьлхха хаттар шега даларх, эсала йела а къежий, нийса жоп лора цо. Дуьйцура муьлххачу а книгах лоций. Ткъа туьйранаш! Цкъа а к1ордор дацара цаьрга ладог1а. (160 дош) А.Айдамиров	1	27	
9	**Изложени йазйар. «Дуьххьарлера хьехархо»**	1	29	
			Декабрь	
10	Рог1аллин терахьдешнаш.	1	1	
11	Декъаран терахьдешнаш.	1	4	
12	Гулдаран терахьдешнаш.	1	6	
13	Билгалза-масаллин терахьдешнаш.	1	8	
14	Эцаран терахьдешнаш.	1	11	
15	Дакъойн терахьдешанаш.	1	13	
16	**Талламан болх йазбар. «** **Ши к1ант тилар»** Деъна са хилира. Гобаьккхина хьун йара лаьтташ. Цхьана а меттехь некъан лар йацара гуш. Ши к1ант ц1ехьа верза лууш вара. Амма муьлхачу аг1ор ваха веза ца хууш, тиллера и шиъ. Мацвелла кийра 1ийжара. Делкъхан хиллера. Бажа лелла некъаш карийча жимма сапарг1ат даьллера шина к1ентан Ламанан дежийлашкахь гуш дара жа а, бежнаш а. Дукха гена валале, бетта мохь хезира шина к1антана. Ц1ера т1аьхьа даьлла орца, сахиллалц маьхьарий, детташ,	1	15	

	1аннаш цоьстуш леллера. Лечий, 1алхий царна карор вара, и шиъ цхьаьна аг1ор д1аихна гена ваьлла ца хиллехь. Шаьш 1ачу к1отарара вуьрх1итта-берх1итта километр хиллал д1аихна хиллера и шиъ. (Х-А. Берсанов) Т1едиллар: 1. Терахьдешнаш билгалдаха. 2.Кхоалг1ачу предложенина синтакс. къастам бе			
17	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	18	
18	Терахьдешнийн х1оттам.	1	20	
19	Терахьдешнийн х1оттам. ТIечIагIдар.	1	22	
20	Терахьдешнийн легадалар.	1	25	
21	Терахьдешнийн легаран кепаш.	1	27	
22	Терахьдешнийн легадалар т1еч1аг1дар**.**	1	29	
3-гIа четверть – 30 сахьт				
Январь				
1	Терахьдешнийн легадалар т1еч1аг1дар**.**	1	10	
2	Терахьдашах Iамийнарг карладаккхар.	1	12	
3	Терахьдешнийн нийсайаздар.	1	15	
ЦIерметдош(21)				
4	Ц1ерметдош.	1	17	
5	Ц1ерметдешнийн тайпанаш.	1	19	
6	Ц1ерметдешнийн тайпанаш т1еч1аг1дар.	1	22	
7	**Изложени йазйан кечам бар. «Гуьйренан йуьхь»** Т1е к1урз биллинчу тхевнах терачу стиглара бутт, иккхинчу кехат латийна, шиша т1ехь долу чиркх, мехкдаьтта кхачийча санна, д1абайра : ткъа седарчий-м тоххарехь гучуьра д1адевллера. Буьйса т1етт1а 1аржлуш лаьттара : мохо схьалоьхку мархаш, лаьтта т1е буьззина бода х1оттош, 1аь1аш йара. Из йара нохчийн йарташкарчу ц1енош чохь, товхашна хьалха а хевшина, 1аьржа б1аьргаш долчу бараша, г1ийлачу ц1ергахь херца а хоьрцуш, хьажк1аш йотту зама. Теркаца г1ум г1аттош, хьекха болабелира цхьа ирча мох. Ткъес деттаран лепарехь гуш хуьлура лаьхьанах терачу, г1ашший, генашший д1аидочу, цу Теркан асанан масаллий, аьрхаллий, лаьтта т1ехула акхтаргашший, дог1ано йетта тулг1енашший. Дохк санна йуькъачуй, оцу буса инзаре акхачуй хьуьнхахь, дезачу а, дег1е зуз доуьйтучу а озанца, шен к1езех хаьдча санна, уг1уш борз а хезара лахахьуо хин йистехь. Цуьнан уг1ар, дог1анца дера хьоькхучу мохан уг1арх д1а а оьй, цхьаъ хуьлий д1адахлора цкъа, юха а къаьстара, д1аоьра т1аккха а. Оцу лерг г1елдчу, дог те1очу г1аранна йуккъехула наг-наггахь, халла, къорра схьахедара .Теркал дехьарчу нохчийн йуьртахь ж1аьлеш летар. Буьйса йоьхна йеанера. **План.** «Бутт 1аржлуш лаьттара». «Иза йара гуьйре йулу зама».	1	24	

	«Уг1уш йуьртахь ж1аьлеш летара». «Нохчийн йуьртахь ж1аьлеш летара».			
8	**Изложени йазйар «Гуьйренан йуьхь»**	1	26	
9	Йаххьийн ц1ерметдешнаш а, церан легар а.	1	29	
10	Дерзоран ц1ерметдешнаш а, церан легар а.	1	31	
			Февраль	
11	Дерзоран ц1ерметдешнийн легар т1еч1аг1дар.	1	2	
12	Доладерзоран ц1ерметдешнаш.	1	5	
13	Дерзоран-доладерзоран ц1ерметдешнаш а, церан легар а.	1	7	
14	Дерзоран-доладерзоран ц1ерметдешнийн легар т1еч1аг1дар.	1	9	
15	Гайтаран ц1ерметдешнаш.	1	12	
16	Гайтаран ц1ерметдешнаш т1еч1аг1дар.	1	14	
17	Къастаман ц1ерметдешнаш.	1	16	
18	Къастамза ц1ерметдешнаш.	1	19	
19	Дацаран ц1ерметдешанаш.	1	21	
20	Хаттаран-йукъаметтигалин ц1ерметдешнаш.	1	26	
21	Хаттаран-йукъаметтигалин ц1ерметдешнаш т1еч1аг1дар.	1	28	
			Март	
22	Ц1ерметдош къастор.	1	1	
23	Ц1ерметдашах 1амийнарг т1еч1аг1дар.	1	4	
24	**Талламан болх. Тест.**	1	6	
25	Хандош.	1	11	
26	Хандешан билгалза кеп.	1	13	
27	Хандешан билгалза кеп т1еч1аг1йар.	1	15	
28	Хандешан хенаш.	1	18	
29	Хандешан хенаш т1еч1аг1йар	1	20	
30	Хандешан карара хан	1	22	
	4-гIа четверть – 24 сахьт			
			Апрель	
1.	Хандешан йахана хан	1	1	
2.	**Талламан болх йазбар. «Мухтар»** 1уьйранна школе воьдуш вара Мухтар. Маржанг1еран кет1а нислушшехь, берийн мохь хезира цунна. Саца а сецна, ладуьйг1ира Мухтара бакъонца тийшира иза кхераделлачу берийн аьзнаш хилархх. Кхин хьем ца беш, ведда ц1ийнан не1аре вахана, и схьайелла г1оьртира Мухтар, амма схьа ца йеллаелира, чухула дог1 тоьхна хиллера цунна. Т1аккха ведда коре а вахна, корах чухьаьжира к1ант чохь буькъа к1ур, бара. Хиира Мухтарна чохь ц1 йаьллий. Г1уллакх мало йан а, йа т1аьхьататта йиш, йолуш дацара. «Же, Мухтар, сих 1алела! Г1о де берашна, к1елхьара даха уьш» – бохура цо ша шега. Буй тоьхна, ангали а дохийна, коран ши дакъа схьа а диллина, маьнги к1елахь мохь оьхуш 1ен йо1 арайаьккхира	1	3	

	цо. Ц1ийнан цхьана сонехь, бертал а воьжна, г1ийла узарш деш 1уьллу жима к1ант а ара ваькхира. Йуха, ведда ураме а ваьлла, ше доггаха мохь бетта велира: «Орца дала! Ц1е йаьлла, ц1а догуш лаьтта», – бохуш. Цуьнан мохь хезна лулахой а, урамехь нисбелла нах а схьахьаьлхира. Цара догучуьра ц1енош а, дукхах йолу чуьра х1умнаш а к1елхьарайехира.			
3.	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	5	
4.	Хандашах 1амийнарг т1еч1аг1дар.	1	8	
5.	1амийнарг карладаккхар.	1	15	
6.	Хандешан йахана хан т1еч1аг1йар.	1	17	
7.	Йаханчу хенан хандешнийн чаккхенаш нийсаязйар.	1	19	
8.	Хандешан йог1у хан.	1	22	
9.	Йог1учу хенан хандешнаш нийсайаздар.	1	24	
10	**«Тхан доьзал» сочинени йазйян кечам бар.**	1	26	
11	**«Тхан доьзал» сочинени йазйар.**	1	29	
			Май	
12.	Хандешнийн классашца хийцадалар.	1	3	
13	Хандешнийн терахьашца хийцадалар.	1	6	
14	Хандешнийн классашца, терахьашца хийцадалар т1еч1аг1дар.	1	8	
15	Хандешан цхьаллин, дукхазаллин кепаш.	1	10	
16	Хандешан цхьаллин, дукхазаллин кепаш т1еч1аг1ъяр.	1	13	
17	Хандешнийн терахь а, кеп а вовшахкъастор.	1	15	
18	Хандешнийн терахь а, кеп а вовшахкъастор т1еч1аг1дар.	1	17	
19	Хандош къастор.	1	20	
20	**Шеран талламан болх йазбар.** **«Кегий йийсарш»** Г1опал ара ца ваьлчхьана маьрша витинера к1ант. Уьйт1ара д1ахьаьжча гира цунна йовхонан тов хьийзочу мархана йуккъехула долу лаьмнаш. Цигахь ша вина йурт хилар дагара ца долура. Г1опара вада салаьттара. Г1опана гонаха бина лекха пен бара. Хаш маь1-маь11ехь лаьттара. Делахь а дог ца дуьллура к1анта. Аьтто лехарх карош бац. Хьуна дагахь а доцуш нисло иза. Иштта цкъа аьтто белира 1алин а. Ха деш волу салти цхьа г1уллакх хилла йуьстахвелира. Сиха д1асахьаьжира к1ант. Пен телхина, ког билла киртигаш йолу меттиг гира цун-на. Дукха маса цунна т1е а хьаьдда, дехьаиккхира иза. Дехьа хехь лаьттачу салтичунна гира ведда воьду к1ант. Цо орца а даьккхина, ши-кхо дошло т1аьхьахецавелира. К1ант г1опа йухавалийра. (106 дош. 1.Гайсултанов. «Кегий йийсарш») **Грамматически т1едахкарш.** *1. Хандешнашна буха сиз хьакха.* *2. Морфологически талламаш бе.* 1-ра вариант 2-г1а вариант *к1ант* *ши-кхо (дошло)* 3-г1а вариант *иза*	1	22	

	3. *Хандешнаш хенашца хийца:витинера, даьккхина.*			
21	Хандашах 1амийнарг т1еч1аг1дар.	1	24	
	1амийнарг карладаккхар 3 сахьт			
22	Билгалдешан грамматически билгалонаш.	1	27	
23	Терахьдешнийн легадалар.	1	28	
24	Ц1ерметдешнийн тайпанаш.	1	29	

Ворх1алгIачу классехь нохчийн мотт хьехаран
рузманан-тематикин хьесап

Предмет хьехарехь пайдаоьцу 1аматаш:
«Нохчийн мотт», 7-чу классана 1амат. Соьлжа-Г1ала, 2022.Овхадов М.Р., Абдулкадырова Р.А.Ворх1алг1ачу классехь нохчийн мотт хьехаран куьйгалла, г1о-1амат. Соьлжа-Г1ала, 2022. Абулханова А.А.

Рог1алла	Урокан чулацам	Сахьт	Хан	
			Хьесапца	Билгтал
1-ра четверть – 26 сахьт				
Карладаккхар(6)			**Сентябрь**	
1	Нохчийн маттах дош.	1	1	
2	5-6 классашкахь 1амийнарг карладаккхар. Билгалдош.	1	2	
4	Ц1ерметдош.	1	6	
5	Хандош.	1	8	
6	**Талламан болх** йазбар ««Г1а» Г1а доьжначу варшахь г1а дожаза лаьтта нежнаш, генара хьаьжча, элан литтанех тарлора. Йалтех йуьззина лаьттина аренаш йассаеллера. Йовхо ца лора х1иллане лепачу малхо. Ирча, сингаттаме дара аренашкахь. Йуьртахь дацара, х1ара ду аьлла, ойла т1ейоьрзур йолуш х1ума. Хуьлуш дерг хьаьжк1аш тило цхьаццаммо белхи бар дара. 1аьнна кечлуш, д1атуьйш долчу дахарна йукъа цо дахьарг а бен-берса х1ума дацара. Керташкахь д1ах1иттийнчу г1одмийн такхораша нилха ц1енош долу к1отар юкъйора. Такхораш дина д1ах1иттийнера Элберда шен г1одмаш а. Такхорашна йуккъехь а, т1ехь а, мотт хьаькхча санна, ц1ена йара. Цхьаннахьа охьайоьжна луьйдиг йацара гуш. Гуьйранна ирча хуьлу йарташ. Уьш бухъйаьхначуьра оьрнаш Элберда д1ашардинехь а, леррина болх бар гойтуш, билгалдуьйлура. Дечу г1уллакхна и т1ера хилар хаьара… (106дош. Х. Эдилов.) Грамматически т1едахкарш. *1. Предложенина синтаксически таллам бе, билгалдаха къамелан дакъош.* *2. Хандош хенашца хийца:* 1-ра вариант *билгалдуьйлура.* ***йассаеллера.***	1	9	

7	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	13	
	Литературни маттах лаьцна(3)			
8	Литературни меттан стилаш.	1	15	
9	Диалог – текстан кеп.	1	16	
10	Диалоган кепаш.	2	20,22	
	Хандош(24)			
11	Хандешан билгала саттам.	2	23,27	
12	Хандешан бехкаман саттам.	1	29	
13	Хандешан бехкаман саттам. Т1еч1аг1дар.	1	30	
			Октябрь	
14	Хандешан лааран саттам.	1	4	
15	Хандешан лааран саттам. Т1еч1аг1дар.	1	6	
16	**Сочинени «Йоь1ан эхь, к1ентан йахь ма эшайойла» кечам бар**	1	7	
17	**Сочинени «Йоь1ан эхь, к1ентан йахь ма эшайойла йазйяр.**	1	11	
18	Хандешан т1едожоран саттам.	1	13	
19	Хандешан т1едожоран саттам. Т1еч1аг1дар.	1	14	
20	Хандешан спряженеш. Хьалхара спряжени.	1	18	
21	Хандешан хьалхара спряжени т1еч1аг1йяр.	1	20	
22	Хандешан шолг1а спряжени.	2	21,25	
23	**Талламан диктант** **«Нана»** Социйлахь х1ара бен стаг вацара. Йа кхин нах хуьлу хан а йацара иза-м: буьйсанна цхьайтта даьллера. 1аьнан заманахь 1арж мА лой пхиъ даьлча. Шело йуьйлура дег1ах чекх. Мох а бара йуьткъачу шакарца тоькан серашна т1ехула уьдуш. Наггахь некъа т1ехула дорцан к1ур а хьодура. Х1ара ша лаьттара карара бер шена т1е а къуьйлуш, кхерамца гондахьа хьоьжуш, машине сатийсина, йуьрта бог1учу новкъа хьежна ши б1аьрг лаза а баьлла, когех шан т1улгаш а хилла. Ворх1, барх1, исс, итт, цхьайтталг1а сахьат ду, ткъа к1ант-м вала мега больница кхачале. Суьйранна арара г1уллакхаш дина ша чуйирзича, 1арж а велла, бетах чопаш а йина, наггахь бен са а ца доккхуш 1уьллуш карийра кхунна иза, Ламанан йурт йу, цхьаннан а машина а йац. (115 дош)	1	27	
24	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	28	

	2-гIа четверть – 24 сахьт			
			Ноябрь	
1	Хандешан саттамех, спряженех 1амийнарг т1ечIаг1дар.	1	8	
2	Хандашах1амийнарг карладаккхар.	1	10	
3	Хандешнийн кхолладалар.	1	11	
4	Хандешнийн кхолладалар. Т1ечIаг1дар.	1	15	
5	Хандешан хаттаран кепаш.	1	17	
6	Хандешан хаттаран кепаш. Т1ечIаг1дар.	1	18	
7	Хандешнашца дацаран дакъалгаш нийсайаздар.	1	22	
8	Хандешан чаккхенгахь ***н*** яздар.	1	24	
9	Хандашах 1амийнарг т1ечIаг1дар.	1	25	
10	**Талламан болх «Олхазарин баркалла»** Кехаташ, газеташ чутуьйсу йаьшка кертах д1атоьхнера йара. Йуххехула д1асалелара адамаш, машенаш. Шина дийнахь ц1ера ваьлла а лелла, ц1а веанера со. Керла газеташ схьаэца дагахь йаьшки чу хьаьжча, со цецвелира. Газеташца йаьшки чохь дара дакъаделла г1аш, чемхалгаш, месаш. Луларчу берашна г1еххьа оьг1азвахара со. Нехаш ара а кхийсина, йаьшка ц1анйира ас. Цул т1аьхьа цхьа-ши де даьлча а изза хилира: йаьшки чохь «нехаш» йара. Йуха а луларчу берашна реза воцуш, йаьшка цанйан воьлча, сан тидам хилира жимачу шина олхазаран. Уьш суна гена ца дуьйлуш, «ц1арр-ц1арр» деш хьийзара. Х1ун ду техьа х1ара аьлла, йуьстах а ваьлла, сайн болх бан х1оьттира со. Ас деш долу татанаш тергал а ца деш, олхазарша а д1аболийра шайн болх: уьш роггIана сан йаьшки чу а оьхуш, арадуьйлура. Шолг1ачу дийнахь хьаьжча, йаьшки чохь котаман месех бина горга бен бара.	1	29	
	Причасти, деепричасти(23)		**Декабрь**	
11	Причасти а, цуьнан грамматически билгалонаш а.	2	1,2	
12	Причастин хенаш.	1	6	
13	Причастин хенаш т1ечIаг1йар.	1	8	
14	Лаамаза а, лааме а причастеш.	2	9,13	
15	Лаамаза а, лааме а причастеш т1ечIаг1йар.	1	15	

16	**Изложени йазйн кечам бар. «Майра хьаша»** Г1алара хьаша веара тхо долчу. Казбек йара цуьнан ц1е. тхан хенара вара иза. Жима хиларх, хьаша-хьаша ма ву. Цундела, вайн г1иллакхо ма-хьоьхура, лорура оха иза, тхешан ма-хуьллу там бора. Тамашийна амал йара хьешан: ловза вог1уш а ц1ена бедарш йухура цо. Тхоьга т1еххула хьоьжура иза, ша массарел воккха, хьекъале хетара. Хабар дийца ч1ог1а лууш вара. Шена экскурсехь гинарг, т1аккха йаккхийчу г1аланашкахула лелар дуьйций, багош г1овтийначохь дуьтура цо бераш. Иштта дийцира цо тхуна, цхьана дийнахь хьуьнхахь ша текхарг муха лецира. Х1орш, цхьа тоба бераш, лам т1е девлла хиллира. Ловзуш, х1орш д1адоьлхуш, кхарна хьалхха, шок а тоьхна, т1еболабелла цхьа къорза лаьхьа. Х1окхо х1ума а кхера ца луш, лога т1е ког а билийнаа, багара мотт ч1ешалгаца оззийна схьабаьккхина. Цо и дийцинчу шолг1ачу дийнахь эвлайистехь ловзуш дара тхо. Цхьана хенахь тхан хьешан-«Вай, мама-а!»-аьлла мохь белира. Д1аиккхира иза. Оццул майра к1ант кхерийнарг х1ун йу техьа аьлла, цецбевлла, т1едахара тхо. 1абдулла вара цхьа йуткъа-1аьржа боьхьа х1ума когашца йуьйш воллуш. -Вуй, Казбек, йуькъачу хьуьнхахь боккхачу текхарган багара мотт баьккхина волу хьо х1окху жимачу х1уманан х1унда кхеравелла?-бехк баьккхира оха. -Суна гинарг-м йацара жима,-бехказа вуьйлира хьаша.	1	16	
17	**«Майра хьаша» изложени йазйар.**	1	20	
18	Причастин карчам.	2	22,23	
19	Причастин карчамашкахь сацаран хьаьркаш.	1	27	
20	Причастийн легайалар.	1	29	
21	Причастийн легайалар. Т1еч1аг1дар.	1	30	
	3-гIа четверть – 30 сахьт			
			Январь	
1	Причастийн нийсаязйар.	1	10	
2	Причастийн нийсайазйар. Т1еч1аг1дар.	1	12	
3	**Талламан болх йазбар «Дайн 1адат»** Мацах цхьана йуьртахь ловзар хилла. Луларчу йарташкара кегийрхой, баккхий нах а баьхкина, ч1ог1а тамехь д1ах1оьттинчу цу ловзаргахь, шина жимхина	1	13	

	юкъахь хиллачу дар-дацарехь, цу шиннах цхьаъ, шаьлта а кхетта, велла. Велларг ша цхьалха вехеш-1аш волчу воккхачу стеган к1ант хилла. Т1аьхьадаьлла орца а долуш, ведда вог1у х1ара куьгбехкениг веллачу к1ентан уьйт1а нисвелла. Къоьжа маж а йолуш, хено дакъийна куьйгаш 1асанна т1е а дехкина, шена хьалха лаьттачу воккхачу стаге дехна шен къона са дадийна веанчо: – Воккха стаг, ларамза, ца хууш, сан карах стаг вели-кх оцу ловзаргахь… Хьайн таро елахь, къайлаваккхахьара ахь со, орца ду-кх суна т1екхуьуш, – аьлла. – Схьавола сан х1усаме, ас лардийр ду хьан дег1 а. са а, – аьлла, жоп делла цуьнан дехарна воккхачу стага. Йоккха г1овг1а а эккхийтина, воккхачу стеган ков-керта кхаьчна куьгбехкечунна т1аьхьадаьлла орца. – Воккха стаг, – аьлла, д1адолийна шени къамел царах цхьаммо, – дош дашера а даьлла, иза девне а дирзина, шаьлта тоьхна хьан цхьаъ бен воцу к1ант вий-кх хьенехеран ловзаргахь. Куьгбехкениг хьан керта эккхаш гира тхуна. Бехк ма биллахьара ахь, г1ар-г1овг1а йахьаш, тхо хьайн керта лелхарна. Галдевлла хилла тхо, хьан керта иза вог1ийла дац. Дала кечдойла хьан к1антана! Дала собар лойла хьа син-дег1ана!			
4	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	17	
5	Хандашах, причастех 1амийнарг карладаккхар.	1	19	
6	Деепричасти.	1	20	
7	Деепричасти классашца, терахьашца хийцайалар.	1	24	
8	Деепричастин хенаш.	1	26	
9	Деепричастин хенаш. Т1еч1аг1дар.	1	27	
10	Деепричастин карчам.	1	.31	
			Февраль	
11	Деепричастин карчамехь сацаран хьаьркаш.	1	2	
12	Деепричастех 1амийнарг карладаккхар.	1	3	
	Масдар(12)			
13	Масдар а, цуьнан грамматически билгалонаш а.	1	7	
14	**«Бакъволу доттаг1 мила лара мегар ду» сочинени язйан кечам бар.**	1	9	
15	**«Бакъволу доттаг1 мила лара мегар ду» сочинени язйар.**	1	10	

16	Масдар классашца, терахьашца, кепашца хийцадалар.	1	14	
17	Масдар классашца, терахьашца, кепашца хийцадалар. Т1ех1ар1дар.	1	16	
18	Масдаран легар.	1	17	
19	Масдарца дацаран дакъалг **ца** нийсаяздар.	1	21	
20	Масдаран синтаксически г1уллакх.	1	24	
21	Масдаран карчам.	1	28	
			Март	
22	Масдаран а, цуьнан карчамийн а синтаксически г1уллакх т1ех1ар1дар.	1	1	
23	Масдарх 1амийнарг т1ех1ар1дар.	1	2	
24	**Талламан болх. «Г1арг1улеш»** Кертахь йаьлла г1овг1а ца хаалора цунна. Цуьнан йерриге а ойла стиглахула г1ийлачу узаршца къилбехьа йоьлхучу г1арг1улеша д1алаьцнера. Кхеран кертахь яьлла хаза сийна буц, цундела кест-кеста корах ара б1аьрг тоха дог дог1у. Йуург-мерг эца вог1у кху туькана гонаха мел веха стаг. Керта мел вог1у стаг саг1ина х1ума ца кховдош д1а ца вохуьйтура йоккхачу стага. Буьйцу мотт ц1ена а, шера а хиларца къаьсташ вара пхьоьхане гулбеллачу нахана йуккъехь к1айн маж йолу зоьртала цхьа стаг… … Кхораш чохь кочарчу т1оьрмигах ши лекъ, моший а кхозуш вог1учу Мурдална ма-йарра гора х1ара орцан когашкахь 1уьллу шайн йурт. Котаман к1орнин г1ийла «ц1ик» иккхира кхуьнан семачу лерга. Эвла йолчухьара куьйра дог1ура. Цуьнан м1араш йуккъехь кхозура и т1аьхь-т1аьхьа орцадоху к1орни… (112 дош.) **Грамматически т1едахкарш.** *1. Причастешна буха сиз хьакха.* *2. Лаамечу причастешка а йерзош, схьаязйе текста йуккъера лаамаза причастеш.* Кеп. Йаьлла г1овг1а- йаьлларг, йоьлхучу г1арг1улеша-хурш.	1	6	
	Куцдош(13)			
25	Куцдош а, цуьнан грамматически билгалонаш а.	1	9	
26	Куцдешнийн тайпанаш.	1	13	
27	Куцдешнийн тайпанаш т1ех1ар1дар.	1	15	
28	Куцдешан синтаксически г1уллакх.	1	16	
29	Куцдешан синтаксически г1уллакх т1ех1ар1дар.	1	20	

30	Куцдешнийн дустаран даржаш.	1	22	
	4-г1а четверть (22 сахьт)			
			Апрель	
1	Куцдешнийн кхолладалар.	1	3	
2	Куцдешнийн кхолладалар т1ечlагlдар	1	5	
3	Куцдешнийн нийсайаздар.	1	6	
4	**Талламан болх йазбар. «Ирсе б1аьрхиш.»** Гонаха самадолуш дара т1ейогlучу б1аьстено дендина 1алам. Ч1енигаш а эт1ош, гучудевлла кегийра г1аш дара цхьацца долчу дитташ т1ехь гуш. Лакхахь хьоькхучу б1аьстенан мелачу механ тулг1е хьекхалора наггахь к1ентан дег1ах. Нанас дайн хьоькхучу куьйго санна, коьрта т1ехула хьакхалуш т1ехболура иза. «Мохь тоха те аса? Орца даккха те?»-дагадеара к1антана. Т1аккха а, цхьанна д1ахазахь осала хетар ву-кх со, бохург дага а деана, юха а басах хьалатасавели-ра иза. Амма куьг а, ког а д1атаса х1ума цахиларна, йуха а 1инах чу шершаш воллучу кхуо катоьхна схьалецира ша х1инццалц 1ожаллин буйна ца вохуьйтуш сацийна йолу колл. Кхунна гена доццуш охьахиира цхьа хаза бос болу хьоза. Д1а а, схьа а хьаьвзина, корта аг1ор баьккхина адаме а хьаьжна, «ч1ир-ч1ир»-элира цо, цкъа-шозза, кхосса а луш. «Дависа, цхьана минотана, хьан санна, ши т1ам белира сан», -дагадеара дег1ера ницкъ кхачош воллучу к1антана… . (139 дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.» **Грамматически т1едиллар.** *Буха сиз хьакха деепричастина а, масдарна а, куц-дашна*	1	13	
5	Коьртачу къамелан дакъойх 1амийнарг карладаккхар.	1	17	
	ГIуллакхан къамелан дакъош(18)			
6	Дешт1аьхье.	1	19	
7	Дешт1аьхьенийн тайпанаш.	1	20	
8	Дешт1аьхьенийн нийсайазйар.	1	24	
9	Дешт1аьхьенах 1амийнарг т1ечlагlдар.	1	26	
10	Хуттургаш а, церан тайпанаш а.	1	27	
			Май	
11	Изложени **«Хьаша ларар»** Вайнехан 1адатехь хьаша-да т1еэцаран г1иллакх ч1огlа мехала лоруш ду.	1	3	

	Нохчийн кицанаша а хьоьху вайна хьаша доккха беркат, ни1мат хилар: «Нагахь баттахь цкъа хьешо хьан х1усаман не1 ца тохахь, цу чу, не1 а ца тухуш, бала бог1ур бу». Хьан не1 а тоьхна, салам а делла, хьаша оьций аьлла, не1аре веъна стаг хьешан дарже волу, иза бохамах ларвеш, цуьнца ларам беш, хьошалла дар т1едужу стагана. Иза шен мостаг1 велахь а, хьаша хилла т1евоьссинехь, и лар а вина, цуьнан г1уллакхе а хьаьжна, новкъаваккхар т1ехь ду оьздачу стагана. Хьалха заманахь хьешо ша дийццалц и варан 1алашо а, цо арабаьккхина некъ а хоттуш ца хилла, кхо дей-буьйсий даллалц муххале а. Хьаша д1авоьдуш, иза новкъа воккхуш, кет1а ваьлча, и кхузза йухахьажжалц латтар г1иллакхе лоруш хилла. Нагахь зама кхераме йелахь, хьаша йуьртах йа цунна кхерам боччу метте валлалц новкъа воккхуш а хилла. Хьешана тешнабехк бар йа 1оттар йар, бохамах лар ца вар доккха эхь хила нохчийн, диц а ца деш, т1аьхьенера т1аьхьене долуш, дуьйцуш. Вайн къоман иэсехь ду хьаша-да ца ларар эхье г1уллакх хилар. Хьаша-да т1еэцар, чувитар, ларар дуьххьалд1а адамийн г1иллакхаш хилла ца 1аш, х1окху дуьненан дахаран дохо йиш йоцу деза-сийлахь доза а хилла. (М. Ахмадов «Гулдина йозанаш-5» Хьесап: 1. Вайнехан 1адатехь хьаша-да т1еэцар – ч1ог1а мехала г1иллакх. 2. Хьалха заманахь хьешаца лелош хилла г1иллакхаш. 3. Хьаша-да т1еэцаран, чувитаран, лараран мехалла			
12	«Хьаша ларар» изложени йазйар.	1	4	
13	Хуттургех 1амийнарг т1еч1аг1дар.	1	8	
14	Дакъалгаш, церан тайпанаш.	1	10	
15	Дакъалгийн нийсаяздар.	1	11	
16	Айдардош.	1	15	
17	Айдардешнийн нийсайаздар.	1	17	
18	Айдардешнийн нийсайаздар т1еч1аг1дар.	1	18	
19	**Талламан болх йазбар**.«Мохк бегийча.» …-Маржа дуьне йа1!-доккха са а доккхий, кет1ахула байн ког а боккхуш, волало иза. Т1аккха ц1ийна т1ехьа, беша, волу. 1ежийн, кхорийн,	1	22	

	хьайбанийн дитташ лай к1елахь лаьтта… Стаг вехха лела бешахула волалой, х1ора диттана йуххехь сеца а соьцуш, къамел а деш. Т1аккха бешара ураме волу иза. Малхбузехь лекха арц, Органа чу буссучохь, к1айчу лай т1ехь 1аьржа къеста ах хаьрцина б1ов. Б1ов т1улгех лаьтта. Кегийчу а, даккхийчу а т1улгех. Уьш, ша-ша даьхча, т1улгаш ду, цхьаьна-б1ов. Стеган сий а ду-кха б1ов. Иза а лаьтта цуьнан даккхийчу а, кегийчу а г1уллакхех. Цо денна а дечу дикачу г1уллакхаша ирх бохуьйту цуьнан бохь. Б1аьвнех терра, лекха деш хилла-кх наха куйнаш а хьалха. Ткъа б1аьвнаш-лаьмнех тарйеш. (115 дош. М.Ахмадов. «Мохк бегийча.») Грамматически т1едиллар.-Билгалдаха къамелан дакъош			
Іамийнарг карладаккхар(3)				
20	Хандешан саттамаш.	1	24	
21	Причасти. Деепричасти.	1	28	
22	Куцдош. Жам1 дар.	1	29	

Барх1алгIачу классехь нохчийн мотт хьехаран
рузманан-тематикин хьесап

Предмет хьехарехь пайдаоьцу 1аматаш:
«Нохчийн мотт», 8-чу классана 1амат. Соьлжа-Г1ала, 2022. Джамалханов З.Д., Вагапова Т.М., Эсхаджиев Я.У., Овхадов М.Р., Абдулкадырова Р.А.Борх1алг1ачу классехь нохчийн мотт хьехаран куьйгалла. Г1о-1амат. Соьлжа-Г1ала, 2022. Бектамирова А.Н.

Рог1алла	Урокан чулацам	Сахьт	Хан	
			Хьесапца	Билггал
1-ра четверть – 25 сахьт				
Карладаккхар(5)			**Сентябрь**	
1	Ненан мотт – дахаран хазна.	1	2	
2	Орфографи.	1	5	
3	**Й** элп йаздар.	1	7	
4	Дош сехьадаккхаран бакъонаш.	1	9	
5	Доккха элп йазадар.	1	12	
5	**Талламан болх йазбар** **«Ирсе к1охцал»** Цхьана хьуьнхахь йехаш-1аш йара зу. Цуьнан к1охцалех цхьаъ ирсе хилла, дикачу адамашна беркат дохьуш. Иза луларчу йуьртарчу нахана хезна. Амма цхьанне а хууш ца хилла, ирсе к1охцал муьлханиг ду. Т1аккха уггаре а сутарчу стага аьлла: «Вай и зу схьалоцур йу. Цуьнан к1охцалш дерриш а схьа а даьхна, х1оранна цхьацца д1алур ду. Иштта а хуур ду ирсениг муьлха ду». Цул т1аьхьа нах зу лаха бахна, цхьаъ воцург. «Садолу х1ума йен а йина, даьккхина ирс суна ца оьшу»,- аьлла, ц1ахь 1ийна иза. Цхьана дийнахь дечке вахана и миска стаг. Наха лоьху зу т1ееана цунна. Адамийн маттахь йист хилла иза: – Хьайн догц1ена ойланаш а, хьанал дахар а девза суна. Сайн ирсе к1охцал ас хьуна д1ало. Зуламечу нахана со карор йац, - аьлла, к1охцал д1а а делла, д1айахана зу. Мел лехарх нахана зу ца карийна. Ткъа воккхачу стеган керта ирс а, беркат а деана. (128 дош)	1	14	
6	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	16	
Дешнийн цхьаьнакхетарш(5)				
7	Дешнийн цхьаьнакхетарш, церан тайпанаш.	1	19	
8	Дешнийн цхьаьнакхетарш, церан тайпанаш т1ечIаг1дар.	1	21	

9	Предложенехь дешнийн уьйр.	2	23,26	
10	Карарчу уьйран кепаш.	1	28	
11	Карарчу уьйран кепаш т1ечlагlйар.	1	30	
	Предложенин коьрта меженаш(16)		**Октябрь**	
12	Предложенин коьрта меженаш. Подлежащин хилар.	1	3	
13	Подлежащин хилар. Т1ечlагlдар.	1	5	
14	Хандешан цхьалхе сказуеми.	1	7	
15	Хандешан цхьалхе сказуеми т1ечlагlдар.	1	10	
16	**Изложени йазйан кечам бар. «Дайн 1адат»** Мацах цхьана йуьртахь ловзар хилла. Луларчу йарташкара кегийрхой, баккхий нах а баьхкина, ч1огlа тамехь д1ах1оьттинчу цу ловзаргахь, шина жимхина йукъахь хиллачу дар-дацарехь, цу шиннах цхьаъ, шаьлта а кхетта, велла. Велларг ша цхьалха вехеш-1аш волчу воккхачу стеган к1ант хилла. Т1аьхьадаьлла орца а долуш, ведда вог1у х1ара куьгбехкениг веллачу к1ентан уьйт1а нисвелла. Къоьжа маж а йолуш, хено дакъийна куьйгаш 1асанна т1е а дехкина, шена хьалха лаьттачу воккхачу стаге дехна шен къона са дадийна веанчо: – Воккха стаг, ларамза, ца хууш, сан карах стаг вели-кх оцу ловзаргахь… Хьайн таро йелахь, къайлаваккхахьара ахь со, орца ду-кх суна т1екхуьуш, – аьлла. – Схьавола сан х1усаме, ас лардийр ду хьан дег1 а. са а, – аьлла, жоп делла цуьнан дехарна воккхачу стага. Йоккха г1овг1а а эккхийтина, воккхачу стеган ков-керта кхаьчна куьгбехкечунна т1аьхьадаьлла орца. – Воккха стаг, – аьлла, д1адолийна шени къамел царах цхьаммо, – дош дашера а даьлла, иза девне а дирзина, шаьлта тоьхна хьан цхьаъ бен воцу к1ант вий-кх хьенехеран ловзаргахь. Куьгбехкениг хьан керта эккхаш гира тхуна. Бехк ма биллахьара ахь, г1ар-г1овг1а йахьаш, тхо хьайн керта лелхарна. Галдевлла хилла тхо, хьан керта иза вог1ийла дац. Дала кечдойла хьан к1антана! Дала собар лойла хьа син-дег1ана! Цара деш долу къамел ша ма-дарра хезаш хилла шен са дадийна веанчунна. Гобина шена лаьтташ долчу адамашка собаре хилар а дехна, шен ц1ийнан не1арехьа вирзина, кхайкхина воккха стаг: – Хьаша, схьагучувала, хьан сина кхерам бац х1окху х1усамехь, х1окху кертахь… Корта охьа а бахийтина араваьллачу к1анте йуха а вистхилла воккха стаг: – И цхьа г1ортор, и цхьа т1аьхье йара сан, со велча, сан тезет схьаэца йисина, т1аьххьара суна чуьра са д1адолуш сан б1аьрнег1арш д1акъовла виснарг и цхьаъ вара. Йохий ахь сан	1	12	

	г1ала, д1айаькхи ахь син г1ортор, хадий ахь сан орам… Х1инца маьрша ву хьо, цуьнан ч1ир лохуберш йуха хьайна т1екхаччалц! Зийарт чуьра араволуш санна, 1аш волчу воккхачу стагана а, гулделлачу адамашна а шен букъ ца гойтуш, къайлаваьлла кхайкхаза веана хьаша. (300 дош) Д. Сумбулатов. **Хьесап (план)** Ловзаргахь хилла бохам. Лурвоьлларг веллачу к1ентан да волчу кхочу. Хьаша ларвар – дайн 1адат. Орца т1аьхьа кхочу. Ирча кхаъ Воккхачу стеган къонахалла.			
17	**Изложени йазйар**	1	14	
18	Ц1еран х1оттаман сказуеми.	1	17	
19	Ц1еран х1оттаман сказуеми т1еч1аг1дар.	1	19	
20	Подлежащиний, ц1еран х1оттаман сказуеминий йуккъехь тире.	1	21	
21	**Талламан болх йазбар** **«Хи»** Хи чуьра ч1ерий дохуш сакъералора Хьажмурдан. Къаьсттина ч1ог1а сакъералора цуьнан дай чу хьоьжуш. Шен воккхах волчу вашас бина жима дуо бара к1ентан хи чу буг1уш лелош. Дуьйрийн мижарг а, йагийна ма1а а, багийна хьаьжк1ан кан а, сискал а тосура Хьажмурда цу чу. Башха хи к1оргачу метте а ца буг1ура цо иза. Шалажа а дацара иштта доккха хи а. Маь1-маь11ехь дог1ура и. Лохачу бердан к1ел, хи к1оргачохь, дуо буг1уш меттиг йара Хьажмурдан. 1уьйранна а, сарахьа чу моссаза хьожу а, чабакх а, ирг1у а, ч1ерий дохура цо. Цхьана буьйсанна стигал къекъаш дог1а а деана, хиш дистира. 1уьйранна самаваьллачу Хьажмурдана хезаш йара дистинчу хино йен г1овг1а… Ши-кхо де даьллачул т1аьхьа, хи дистинчуьра чудоьжча, хьажа ваханчу Хьажмур-дана шен дуо ца карийра… (117 дош. Х-.А.Берсанов. «Вайн махкара акхарой а, олхазарш а.) **Грамматически т1едахкарш.** *1. Билгалъйаха коьрта меженаш.* *2. Предложенешна йуккъера схьайазде дешнийн цхьаьнакхетарш, билгалйаха уьйраш:* 1-ра вариант-*1-ра пред.* 2-г1а вариант-*5-г1а пред*	1	24	
22	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	26	
23	Подлежащиний, ц1еран х1оттаман сказуеминий йуккъехь тире. Т1еч1аг1дар	1	28	
	2-гIа четверть – 24 сахьт			

			Ноябрь	
1	Предложенин коьртачу меженех 1амийнарг карладаккхар.	1	7	
2	Хандешан х1оттаман сказуеми.	2	9,11	
3	Хандешан х1оттаман сказуеми т1ех1аг1дар.	1	14	
4	Сказуемин тайпанаш т1ех1аг1дар.	1	16	
	Предложенин коьртаза меженаш(23)			
5	Предложенин коьртаза меженаш. Кхачам.	1	18	
6	Къастам.	1	21	
7	Кхачам, къастам т1ех1аг1бар.	1	23	
8	Йуххедиллар.	1	25	
9	Йххедиллар т1ех1аг1дар.	1	28	
10	**Талламан болх. (Тест №1)**	1	30	
			Декабрь	
11	Латтам.	1	2	
12	Даран суьртан латтам.	2	5,7	
13	Бараман латтам.	1	9	
14	Меттиган латтам.	1	12	
15	Хенан латтам.	1	14	
16	Меттиган, хенан латтамаш. Т1ех1аг1дар.	1	16	
17	**«Вайнаха хьаша ларар» сочинени язйан кечам бар.**	1	19	
18	**«Вайнаха хьаша ларар» сочинени йазйар**.	1	21	
19	Бахьанин латтам.	2	23,26	
20	1алашонан латтам.	1	28	
21	Бахьанин, 1алашонан латтамаш. Т1ех1аг1дар.	1	30	
	3-гIа четверть – 32 сахьт			
			Январь	
1	Бехкаман а, дуьхьалара а латтамаш.	1	9	
2	Бехкаман а, дуьхьалара а латтамаш. Т1ех1аг1дар.	1	11	
3	**Талламан болх йазбар «Цхьалла.»** Буьйса. 1аьржа, тийна буьйса. Цхьалла…Г1орасиз, синтем байна цхьалла. Ма цхьаьна йог1у шуьшиъ! Вовшах къаста ца луш, б1ешерийн дохалла ши йиша хилла схьайог1у. Амма йац шуьшиннан вовшашца йа марзо а, йа безам а. Ца ваьллачу денна д1акхоьхьу дахаран мур бу. Буьйса йаьлла	1	13	

	д1айахча а ца йуьту цхьалло… Берх1итта шо ду и шиъ х1окху ц1ийнан дукъ гихь схьадог1у. Айманис лерина луьсту шен дахаран х1ора аг1о. Йерриге а беса йу, цхьа а йац воккхаверан лар йитина. Дега1ийжамаш, хьешна сатийсамаш, дегайовхонаш. Ур-атталла, ирсан з1ийдиг тесна меттиг йац. И х1инца а инзарйуьйлу шаьшшиннан дахаран некъ, кхин ца хедаш, х1окху хене схьакхачарх… Берийн дуьхьа лаьлла садетташ. Цара ницкъ а, доьналла а делла и хан йаккха. Иштта д1аихна шераш… (111дош.) Грамматически т1едиллар. -*Билгалйаьхначу предложенешна синтаксически талламаш*			
4	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	16	
5	Предложенин коьртаза меженаш карлайахар.	1	18	
6	Предложенин меженех 1амийнарг карладаккхар.	1	20	
Цхьалхечу предложенийн кепаш(11)				
7	Цхьанах1оттаман а, шинах1оттаман а предложенеш.	1	23	
8	Цхьанах1оттаман предложенеш. Билгала-йуьхьан предложенеш.	1	25	
9	Билгалза-йуьхьан предложенеш.	1	27	
10	Билгала-йухьан, билгалза-йуьхьан предложенеш т1еч1аг1йар.	1	30	
Февраль				
11	Йукъара-йуьхьан предложенеш.	1	1	
12	Йуьхьза предложенеш.	2	3,6	
13	Йукъара-йуьхьан, йуьхьза предложенеш т1еч1аг1йар.	1	8	
14	Ц1еран предложенеш.	2	10,13	
15	Йуьззина а, йуьззина йоцу а предложенеш.	1	15	
16	Цхьалхечу предложенийн кепаш т1еч1аг1йар.	1	17	
17	**Талламан болх. (Тест №2)**	1	20	
18	Предложенин цхьанатайпанчу меженех лаьцна йукъара кхетам.	1	22	
19	Предложенин цхьанатайпанчу меженашкахь хуттургаш.	1	24	
20	Предложенин цхьанатайпанчу меженашкахь хуттургаш. Т1еч1аг1дар.	1	27	
21	Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш.	1	29	
Март				
22	Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш. Т1еч1аг1дар.	1	2	
23	**Изложени йазйан кечам бар «Ламанан хи»** Ирча хуьлу ламанан хи дистича. Охьанехьа дукха чехка дог1уш хиларна, шена дуьхьал нисъелларг охьатухий, хьоший, кагйой д1а- йоккху цо. Лекха бердаш лахара огий,	1	5	

	чухерцадо, орамашца бух а дохуш, дитташ охьакхоьхьу. Х1аваъ дегош гонаха г1уг1 лаьтта. Хин мокха пен х1инца шерра гуш т1аьхь-т1аьхьа схьат1ешершаш, боккха хуьлуш хилла. Инзаре г1овг1а йаьккхина цо. "Кхуьур вац, х1аллакьхили тхойшиъ", - аьлла, Лоьмина дагатоссушехь, ма-йогг1у говр хаьхкина шайна орцах вог1у бере гина цунна*. Иза тхан объездчик Салахь хилла. Цунна дуьхьалхьаьдда Лоьма, Хьасан а текхош. Салахьа, ша т1екхоччушехь, говр юха а хьовзош, катоьхна шена хьалха хьалаваькккхина Хьасан. Схьат1етасало т1еххьа! - мохь тоьхна цо Лоьмига. Д1алалла! - аьлла, Лоьмас, мохал маса ша д1а а эккхаш. Цкъа вухахьажа кхиъначу Салахьана гина йуххе кхоччуш доллу дистина до- г1ухи. Хьалха кхийда саьрмикан моттсанна, ирча хилла хин йуьхь. Лаьххьара ницкъ т1ебахийтина, кхин а чехка ведда Лоьма.Бергашца жаг1а йухабетташ йоьдучу говрана йуххе а иккхина лалвелла,т1екхаьчначу хин йуьхьо к1ажийн пхенаш а дашош, боьрана сехьа иккхина Лоьма. Т1аккха, ирахь латта г1ор а ца хилла, бай т1е охьавоьжна иза. Хин г1овг1а х1инца лакхахьара а схьахезаш, гонахара х1аваъ дуьзна. Меллаша корта хьала а айбина, д1ахьаьжначу Лоьмина берриге а боьра хиэ д1алаьцна гина. Кхин зен ца хуьлуш, шаьш к1елхьарадовлар хазахетта, Хьасане хьаьжна, велакъежира. Гайсултанов **План х1оттор** "Ирча хуьлу ламанан хиш". "Иза тхан хехо Салахь хилла". "Ирахь латта г1ор а ца хилла, бай т1е охьавоьжна".			
24	**Изложени йазйар.**	1	7	
25	Цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш.	1	9	
26	Цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш. Т1еч1аг1дар.	1	12	
27	Цхьанатайпанчу меженех 1амийнарг карладаккхар.	1	14	
	Предложеница грамматически уьйр йоцу дешнаш(5)			
28	Т1едерзар.	1	16	
29	Йукъадало дешнаш а, предложенеш а.	1	19	
30	Йукъадалочу дешнийн тайп-тайпана маь1наш.	1	27	
	4-гIа четверть – 21 сахьт			
			Апрель	
1	Йукъадало дешнаш а, предложенеш а т1еч1аг1ъяр.	1	2	
2	Х1АЪ, Х1АН-Х1А дешнаш-предложенеш. Айдардешнаш-предложенеш.	1	4	
	Предложенин шакъаьстина меженаш(7)			
3	Предложенин шакъаьстинчу меженех йукъара кхетам.	1	6	
4	Шакъаьстина латтамаш.	1	9	
5	**Талламан болх йазбар. «Ненан дарбане куьг»** Цхьана ламанан йуьртахь дехаш хилла наний, к1анттий. Кху	1	13	

	дуьненахь йаккха шен оьмар чекхьйаьлча, нана д1акхелхина. К1ант ша висна. Т1аккха ц1еххъана иза азвала волавелла, кертахъ даа-мала шортта долушшехь. Дарбанчашна а, х1ума хуучу нахана а т1екхийлина иза гергарчара. Амма дарба карош ца хилла. Ницкъ а эшна, метта охьавижина к1ант. Кхин дан амал а ца хилла, махкахь а дика вевзаш, ц1е йаханчу шайхана т1ебахана цуьнан гергара нах. Шайхе д1адийцина ма - дарра. Шайхо аьлла: – Цунна токх нанас шен куьйга бина кхача а бен ца хилла. Иза толур ву, нагахь санна аша цуьнан ненан куьг кхетта кхача баабахь. Кхин дан дарба дац цунна. Кхача а кечбина, ненан коша тІе бахана вуьйш. Каш а аьхкина, шаьш беанчу кхачех ненан дакъаделла куьг хьакхадалийтина цара. И кхача к1антана хьалха биллина цара. Вукхо биъна. Цхьа-ши де далале, то а велла, меттара хьалаг1аьттина к1ант. (133 дош)			
7	Шакъаьстина йуххедиллар.	1	18	
8	Шакъаьстина йуххедиллар т1еч1аг1дар.	1	20	
9	Хенан а, меттиган а латтамийн дурсаш.	1	23	
10	Хенан а, меттиган а латтамийн дурсаш т1еч1аг1дар.	1	25	
11	Предложенин шакъаьстина меженаш т1еч1аг1йар.	1	27	
13	**«Ненан мотт – аганан илли» сочинени йазйар.**	1	30	
	Ма-дарра а, лач а къамел(7)		**Май**	
14	Ма-дарра а, лач а къамелах йукъара кхетам.	1	2	
15	Ма-дарра къамелехь сацаран хьаьркаш.	1	4	
17	Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор.	1	7	
18	Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор т1еч1аг1дар.	1	11	
19	Цитаташ а, церан нийсайазъйар а.	1	14	
21	Ма-дарра къамелах, цитатех 1амийнарг т1еч1аг1дар.	1	16	
22	Грамматически талларш.	1	18	
23	**Талламан болх йазбар «Кехат»** …Маьрк1ажал т1аьхьа ц1акхечира нана. Цецъйелира иза гинчух. Йиттина ирхъоьхкина берийн бедарш, чохь йуучух хаза яьлла хьожа, бовхачу маьнги т1ехь ловзу ши к1ант. -Дукха йаха хьо! Хьо-м х1инца аса цадийриг а деш, йоккха ма хилла. Хьан да, ц1аваг1ахь, тешар а вац, ахьа иштта г1уллакхаш до аьлча. Амма йоь1ан б1аьра хьаьжча, ненан бос хийцабелира. Йо1 т1орказ чу хьаьжний а, цо цу чуьра кехат дешний а, хиира. Кехат нанас Х1азанах лечкъоран шен бахьана дара. Нанна дика хаьара, Х1азанна шен сил а дукха да везийла. Тидаме эцнера баккхийчийн санна йолу йоь1ан амал, ойла, мотт. Цундела йо1ана, и ирча кхаъ хезча, цхьа х1ума хиларна кхоьруш ца аьллера нанас да валарх лаьцна. Хан йаьлча, х1ума ширло, цул т1аьхьа сатоха хала цахир-кх аьлла,	1	21	

	дитинера… (115 дош. С.-С. Саидов. «Мажъелла кехатан цуьрг.») **Грамматически т1едиллар.** *Синтаксически таллам бе:* 1-ра вариант -1 предл 2-г1а вариант-7предл			
Іамийнарг карладаккхар(2)				
26	Цхьалхечу предложенин кепаш.	1	23	
27	Предложенин цхьанатайпана меженаш. ЖамІ дар.	1	25	

ИссалгIачу классехь нохчийн мотт хьехаран
рузманан-тематикин хьесап

Предмет хьехарехь пайдаоьцу lаматаш:
«Нохчийн мотт» (синтаксис), 9-чуй классашна 1амат. Соьлжа-Г1ала, 2022.
Джамалханов З.Д., Вагапова Т.М., Эсхаджиев Я.У., Овхадов М.Р., Абдулкадырова Р.А.

РогIалла	Чулацам	Сахьт	Хан	
			Хьесапца	Билггал
Хьалхара четверть – 25 сахьт				
Карладаккхар(12)		**Сентябрь**		
1	Ненан мотт – дахаран хазна.	1	2	
2	Орфографи.	1	6	
3	Дешнийн цхьаьнакхетарш, церан тайпанаш.	1	7	
4	Предложенехь дешнийн уьйр.	1	9	
5	Предложенин коьрта меженаш.	1	13	
6	Предложенин коьртаза меженаш.	1	14	
7	Цхьалхечу предложенийн кепаш.	1	16	
8	**Талламан диктант«Хьоме йурт»** Самайевлла н1аьнеш кхайкха йуьйлайелча, хьалаг1аьттира Алхаст. Уьйт1а ваьлла х1окхоламаз оьццушехь, эвлайуккъерачу маьждигехь молла а кхайкхира. 1уьйренан тийналлехь ц1ена, мукъамехь декара цуьнан аз. Хьуьна йистера д1ахьаьжча, д1о-о лаха чохь гора Алхастан йурт. Х1окху меттехь, жа басенца дажа д1а а хоьций, охьахуура Алхаст тохара жималлехь. Аренаша юкъаерзийначу шен йуьрте а хьоьжуш, хийла ойланаш йора цо. Х1етахьчул дуккха а хийцайелла йурт. Шоръелла, ков-керташ алсамдевлла. Делахь а, Алхастан йурт ю и, хьалха санна, дагна хьоме а, хьалха санна, дагна гергара а. Алхаст х1инца лаьттачуьра д1айолалуш йара буьрса хьун. Х1окху хьаннашца а дара Алхастан гергарло. Йерриге а, ала мегар долуш, жималла кхузахь пепнийн 1индаг1ашкахь а, Гуьмса ч1ожан басенашца кхуьучу кегийрачу хьаннашкахь а д1айахнера Алхастан. ХIора т1улг, хlора дитт гергара дара кхузахь. Д1а б1аьрг мел тоьхначохь гуш долчу суьрташа хилларш-лелларш дагатуьйсура. Хьуьна йистера д1а Гумс-хи долчу агlор варша боьрзучу ворданан новкт д1аволавелира Алхаст. Цунна къилбехьа б1аьлланган а, пхонан а орамаш йуккъера схьадолуш шовда дара. (145 дош)	1	20	
9	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	21	
10	Предложеница грамматически уьйр йоцу дешнаш.	1	23	
11	Предложенин шакъаьстина меженаш.	1	27	
12	Ма-дарра а, лач а къамел.	1	28	

	Чолхечу предложенийн синтаксис(4)			
	Чолхе предложени			
13	Чолхечу предложенех лаьцна йукъара кхетам.	1	30	
			Октябрь	
14	Чолхечу предложенех лаьцна йукъара кхетам т1ечIагIбар.	1	4	
15	**Изложени «Доттагий» йазйан кечам бар.** Арахь йаьллачу гIовгIанах а, тоьпан татанах а кхераделла берзан кIезий, шешан бена чохь цхьана сонах дIатебба дохкура. Царна топ тоха дегаза хеташ, вехха лаьттира Атби. Уьш кегий долу дела царах къахетара цунна. Уьш ца дойуш йита мегар доцийла а хууш, жа йуккъе лилхинчу берзалоша каетташ дуьмеш даьхна уьстагIий шена гича, хеттарг дага а лаьцна, кIезийн зIуганна йуккъе топ туьйхира Атбис. Делларг, дийна диснарг муьлха ду а хьожуш, пхий а кIеза дийра цо. Барза а далош метта веара и шиъ. Вало, Ваха, хIинца цIа а гIой, колхозан правленехь болчаьрга вайшиммо берзалой йайиний хаийта, шена луург хьажа вогIур. Борз йерна уьстагI-хIума а ма йогIу вайшинна. Пайденна йоцчу йаьллехь а, ас барзана тIера цIока схъайоккхур йу, - аьлла, ша буха а сецна, Ваха цIа хьажийра Атбис. Ткъа хIокху Барзина хIун до вайша? - аьлла хаьттира Вахас. Шех къинхетам байта санна, гIийла бIаьргаш керчадоражIаьло, шен цIейаьккхича. Барза соьца ца Iийча дер дац, чевнаш дIаерззалц, - элира Атбис. Шен тIоьрмиг а эцна, Ваха цIехьа волавелча, цIога а лестош, цIийзаш меттахделира Барза. Барза, хьо Iадiен деза кхузахь, цкъачунна, хьуо тодаллалц. Со кест-кеста вогIур ву хьуна кхуза, - аьлла, коьрта тIе куьг а хьокхуш, Вахас ша хьаьстича, шега бохучух кхетча санна, Вахина тIаьхъа ца гIуртуш, Атбица сецира иза. Ваха цIа вахара. Гуьйре шелъйелча, жа колхозан ферме далийра Атбис. Борз йерна колхозо уьстагI а, цIокарчех пачхьалкхо ахча а делира Атбина. Барза а, чевнаш дIа а йирзина, тоделла. Цхьана дийнахь кегийчу Iахаршна хIума йан хьуьнах вахара Атби. Иза дара Iай. Цхьа а лар йуй техьа берзан бена тIейоьдуш аьлла, хьажа вахара иза. Амма иза, ло тIе а тесна, къайлабахнера. ТIейогIуш цхьа а лар йацара. Берзан бен дIашарбелла карийча, дукха хан йоццуш хилла дерг дага лоьцуш ойла йеш а лаьттина. **ПЛАН** Берзан кIезий дайар. Ваха Атбис цIа хьажор. КIант жIаьлега гIийла хьажар. Барза тодалар. Берзан бен карор **изложени йазйан кечам бар.**	1	5	
16	**«Доттагий»изложени йазйар.**	1	7	
	Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш(11)			
17	Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех лаьцна йукъара кхетам.	2	11,12	
18	Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех лаьцна йукъара кхетам тIечIагIбар.	1	14	
19	Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь дозаран хуттургаш.	1	18	
20	Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь дозаран хуттургаш тIечIагIъяр.	1	19	
21	**Талламан диктант«Ирсе бIаьрхиш»**	1	21	

	Х1инццалц д1адаханчу шен дахаран дерриге сурт дуьхьал х1оьттира Ахьъядан оцу миноташкахь. Х1ара ког а шершина, 1инах чувог1уш, кхуьнан кара йеара цхьа жима колл. Иза карахь йолу куьг кегийра дегадора. Аьрру куьйго схьалаца бег1ийла х1ума лоьхура, амма кхо юьхьанца катоьхна т1улг, карара а баьлла, керчина 1инах чубахара. Охьакхаьчча цо даьккхина тата халла бен ца хезира Ахьъядана… Ког д1атасабала х1ума яцара… Ницкъ г1елбеллера. Дерриге а дег1ах шийла хьацар тоьхнера. Колл карахь йолу аьтту куьг кулла т1ерачу к1охцалгаша шина-кхаа меттехь хадийнера. Куьг а, пхьарс а ц1ийша дуьзнера, амма иза тергалдечохь дацара г1уллакх. К1антана вала ца лаьара, иза ца тешара шен дахаран т1аьххьара миноташ т1ех1иттина бохучух. … Ц1еххьана цхьана х1уманах кхераделла д1аиккхира хьоза. Ткъа оццу минотехь лакхара охьа, ц1ийша дуьзначу к1ентан куьйга т1ехула охьабеара беха, шуьйра, къорза бухка… (123 дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.») **Грамматически т1едахкарш.** *1. Синтаксически таллам бе:* 1-ра вариант 2-г1а вариант *1-ра предложени 3-ра предложени. (Ц.П.)* *2. Синтаксически таллам бе 4-чу предложенина. (Ч-Ц.П.)*			
22	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	25	
23	Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенеш. **Тестировани йар. 1амийнарг т1ечIаг1дар.**	1	26	
24	Чолхечу предложенех лаьцна lамийнарг к1аргдар, т1ечIаг1дар.	1	28	
	ШолгIа четверть – 24 сахьт		**Ноябрь**	
25	Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь къасторан хуттургаш.	1	8	
26	Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь къасторан хуттургаш т1ечIаг1ъяр.	1	9	
27	Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех лаьцна lамийнарг карладаккхар.	1	11	
	Чолхе-карара предложенеш(8)			
28	Чолхе-карарчу предложенех лаьцна йукъара кхетам.	2	15,16	
29	Чолхе-карарчу предложенех лаьцна юкъара кхетам т1ечIаг1бар.	1	18	
30	Чолхе-карарчу предложенехь хуттургаш а, хуттургийн дешнаш а.	1	22	
31	Чолхе-карарчу предложенехь хуттургаш а, хуттургийн дешнаш а т1ечIаг1дар.	1	23	
32	Чолхе-карарчу предложенехь т1етухучун меттиг а, сацаран хьаьркаш а.	1	25	
33	Чолхе-карарчу предложенехь т1етухучун меттиг а, сацаран хьаьркаш а т1ечIаг1йар.	1	29	
34	**Изложени «Ден дозалла» Кечам бар** Ворх1 к1ант ву Даркешан. Ворх1е а – ден дозалла. Цуьнан г1орторaш. Ворх1е а – пепнаш санна, дог1маш долуш, болатах воьттича санна, онда. Х1уманах а б1аьргнег1ар тухур доцуш. Вухавер воцуш. 1уьргара текхарг а йоккхур йолуш, ч1арх-аьллий, шайт1ан ненан багара маха а бохьур болуш, майрий. Г1иллакхах вухур воцушший, яхь д1алур йоцушший. Иштта кхиийна уьш дас. Цо х1инца а олу шен к1енташка: «Хьалха а ма хила, т1аьхьа а ма хила. Шун меттиг юккъехь ю». Цкъа воккхахволчу Аьрзус, 1а а ца велла, хаьттира дега: – И йуккъера меттиг х1унда хоьржу ахь тхуна, ва дада? Даркеш оьг1аз ца вахара оцу хаттарна. Тера дара цо и лардинчух.	1	30	

	«Хьалха вийла 1еминарг массо а х1уманна т1ехь а хьалхара хила лууш хуьлу, т1ехьа сеца 1еминарг массо а х1уманна т1ехь а т1аьхьара хила лууш хуьлу. Хьалха валий, т1аьхьа висий стаг гуттар а караво. Муьлххачу а г1уллакхан коьрта йозалла шена т1еоьцуш йерг йукъ йу. И онда йелахь, халкъан доь довр дац», – жоп делира Даркеша. Ден хьехар лардира к1енташа. Ц1агарица паччахьан салташна к1ело йан баханчохь а. Коьрталла ца къевсира цхьаьнцца а. Кхечаьрца цхьанийсса лийтира вежарий Хьарг1ий, Олхазаррий, Маккхаллий. Т1аьхьарчунна пхьаьрсах чов а йинера. Салтийн тоьпаш а йохьуш, Ц1агарин тоба ц1а йирзича, гихоша доккха са даьккхира… Цхьана Аружин йуьхь т1ехь ца хаалора йа хазахетар а, я халахетар а. Иза йоьллера шен кхузткъе итт шара чохь к1ентий кхерамечу новкъа а бохуш, уьш могуш-маьрша бухаберзаре хьежарх. Ворх1 к1ант ву Даркешин доьзалехь. Ворх1 к1ант – ненан ворх1 са. Цхьана деган эшарехь деттало и ворх1 са, цхьанна цатам хилча, берриге а кийра 1овжош, хазахетар хилча, кийрахь меттиг ца тоъуш… Кхо к1ант дена дуьхьал х1оьттира. Хьалха вистхилира кхааннах воккхах волу Хьарг1а. – Дада, тхо духадирзи, зен-зулам ца хуьлуш. – Бакъахьа хир ду, – к1ентийн б1аьра ца хьожуш, бен доцчуха жоп ло Даркеша. – Парг1ат хила. Нана йолчу боьлху к1ентий. – Нана, тхо духадирзи, могуш-маьрша долуш. – Некъан хьовзамах, йуьхь1аржонах лардойла шу вайн Дала,– меллаша дека тийналлехь Аружин аз. – Д1адуьло, парг1атдовла. Воккхах волчу вешина Аьрзуна т1ебоьлху вежарий. – Тхо духадирзи, дагалаьцнарг кхочуш а дина. – Нахана хьалха корта охьабахийта меттиг-м ца йитина аш вайна? – хоьтту Аьрзус. – Ца йитина, – жоп ло Хьарг1ас. – Дика хир ду, – там хиларца боху воккхах волчу вашас. – Хьовса шайн г1уллакхе… (343 дош) (Л. Яхъяев «Гихойн Таймасха») **Хьесап:** 1. Ден дозалла.. 2. Ден хьехамаш. 3. К1енташа ден хьехар лардар. 4. Аружин доьналла. 5. Дена дуьхьал х1оттар.			
			Декабрь	
35	**Изложени «Ден дозалла» йазйар**	1	2	
	Т1етухучу предложенийн кепаш(26)			
36	Т1етухучу предложенийн кепаш.	1	6	
37	Т1етухучу предложенийн кепаш т1ечIаг1йар.	1	7	
38	Кхачаман т1етуху предложенеш.	2	9,13	
39	Кхачаман т1етуху предложенеш т1ечIаг1йар.	1	14	
40	Къастаман т1етуху предложенеш.	2	16,20	
41	Къастаман т1етуху предложенеш т1ечIаг1йар.	1	21	
42	Хенан т1етуху предложенеш.	2	23,27	
43	Хенан т1етуху предложенеш т1ечIаг1йар.	1	28	
44	**Талламан диктант«Борз.»** Ц1еххьана ша лелочух шекваьлла стаг санна, самайахна ойланаш а,	1	30	

	б1аьргаш а, саца а сецна, т1ехьа хьаьжира иза. Г1ан-набарх дуьхьал дог1уш долу сурт санна, гена а воцуш лаьтташ цхьа стаг хетавелира цунна. Баймарзас воьхна б1аьргаш д1ахьаббира, амма цу сохьтехь д1абиллира. Т1епаза вайра и стаг. Юха а шех ца тешаш леррина, охьатаь1на хьаьжира иза. Амма цхьа а вацара гуш. «Хьо кхеравелча, т1ехьа ма хьажалахь», -дагатесира Баймарзина жима волуш нанас шена дина хьехар. Г1отана уллохь болчу г1одамийн такхорах букъ тоьхна, д1ах1оьттира Баймарза … Г1ота уллохь йара х1инца. Ткъа ницкъ хилча, цу чу иккхина, уьстаг1 д1абахьа. Ма кхин х1ума ца оьшура Баймарзина. Цхьабакъду, Симбайн ж1аьлеша х1ара шайх волуьйтур ву бохург бакъ-м дацара. Сталина аьллера бохуш, ша Симбай ма ву, кхин къа ца хеташ, топ тухур волуш. Х1инца х1ун дийр ду ца хууш лаьттра Баймарза… (130 дош)			
	КхоалгIа четверть – 32 сахьт			
			Январь	
45	Г1алаташ т1ехь болх бар.	1	10	
46	Даран суьртан т1етуху предложенеш т1еч1аг1йар.	1	11	
47	Чолхе-карарчу предложенехь сацаран хьаьркаш хlитторан бакъонаш. **Тестировани йар.**	1	13	
48	Чолхе-карарчу предложенех лаьцна 1амийнарг кlаргдар, т1еч1аг1дар.	1	17	
49	Бахьанин т1етуху предложенеш.	1	18	
50	Бахьанин т1етуху предложенеш т1еч1аг1ъйар.	1	20	
51	1алашонан т1етуху предложенеш.	1	24	
52	1алашонан т1етуху предложенеш т1еч1аг1ъйар.	1	25	
53	Бехкаман т1етуху предложенеш.	1	27	
54	Бехкаман т1етуху предложенеш т1еч1аг1ъйар.	1	31	
			Февраль	
55	**Изложени йазйан кечам бар.** «Оьзда к1ант» ... Новкъа д1авоьдуш, Ханпашина генара дуьйна гора некъа йуккъехь д1а-схьа лелхаш долу к1анттий, йо1ий. И шиъ дара 1абдурахьманий, Маликий. 1овдал ма лела! Д1айахийта со! Эхь ца хета хьуна соьца къийсавала! - ц1ог1а хьоькхура Маликас. Ахь сайна дош даллалц-м йохуьйтур йац! Дийца, Малика, реза йуйй хьо ас бохучунна? - хоьттура 1абдурахьмана, пхьаьрсаш д1аса а тесна, некъа йуккъе а х1оьттина...Оцу заманчохь царна т1екхечира говрахь вог1у Ханпаша. -Хьо х1унда йоьлху, Малика? - хаьттира цо, говра т1ера охьа а эккхаш. -**ХIокхо** д1айаха ца йуьту-кх,- жоп делира Маликас. -Боьршачу стагана бакъахьа дац иштта осала лелча. Д1айахийта иза шен новкъа,- элира Ханпашас 1абдурахьмане. -Иза хьан г1уллакх дац. Йахийта кхузара хьайн алаша,- т1ечевхира 1абдурахьман. -Х1ун бахара ахьа? Кхин цкъа а алал иза! - оьг1азе цунна т1еволавелира Ханпаша. -Хьуна хезнарг бахар-кх,- ч1ог1а ластийна т1ара туьйхира цо Ханпашина. 1ад1ехьа, 1абдурахьман! Со лолда хьан, ца 1ен велахь,- мохь хьоькхуш, йоьхнера Малика. -Х1унда туьйхи ахь суна, ва 1абдурахьман? Со хьох лата г1ерташ ма	1	1	

	вацара. Хьайга хаза аьлча кхета мегар дац хьо? -Дера туьйхира, хьоьх х1умма а эхь ца хеташ, айса йуха а тухур долу дела,- шолг1а т1ара тоха дагахь, чуг1оьртира иза. Кхин д1а са ца тохаделира Ханпаше. - Дика ду делахь. Хаза аьлча хууш вацахь, д1аэца хьайна! Шен ницкъ ма-ббу буй тоьхна, 1абдурахьман кхоьссина д1авахийтира Ханпашас. Нийсса бертал воьжна 1уьллура иза лаьттахь, бетах^симма ц1ий а оьхуш. (В. Матиев) 1. План х1оттор. Иза х1окху кепара хила тарло: План. 1) Ханпашас тидам бинарг. 2) 1абдурахьман шен дагахь дерг нуьцкъала кхо- чуш деш хил ар. 3) Ханпашина иза кхето лаар. 4) 1абдурахьманан сонталла, осалалла. 5) Ханпашин собар. 6) 1абдурахьманан цавашар, «цакхерар». 7) Нийса бекхам. Хетий шуна Ханпаша оьзда а, майра а?			
56	**«Ден дозалла» изложени йазйар.**	1	3	
57	Т1етухучу предложенийн кепаш карлайахар.	1	7	
58	Масех тlетухучуьнца йолу чолхе-карара предложенеш.	1	8	
59	Масех тlетухучуьнца йолу чолхе-карара предложенеш т1еч1аг1ъйар.	1	10	
60	Чолхе-карарчу предложенех лаьцна lамийнарг карладаккхар, тlечlагlдар.	1	14	
61	Чолхечу предложенех лаьцна lамийнарг карладаккхар, тlечlагlдар.	1	15	
	Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш(17)			
62	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех лаьцна йукъара кхетам.	1	17	
63	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех лаьцна йукъара кхетам т1еч1аг1бар	1	21	
64	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маь1наш.	1	22	
65	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маь1наш т1еч1аг1дар.	1	24	
66	**Сочинени«Бакъволу доттаг1а мила лара мегар ду»**	1	28	
67	**Сочинени«Бакъволу доттаг1а мила лара мегар ду»**	1	29	
			Март	
68	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенешкахь сацаран хьаьркаш х1иттор: ц1оьмалг.	1	2	
69	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенешках сацаран хьаьркаш х1иттор: ц1оьмалг. Т1еч1аг1дар.	1	6	
70	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предло-женешках сацаран хьаьркаш х1иттор: ц1оьмалгаца т1адам.	1	7	
71	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предло-женешках сацаран хьаьркаш х1иттор: ц1оьмалгаца т1адам. Т1еч1аг1дар.	1	9	
72	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенешкахь сацаран хьаьркаш х1иттор: тире.	1	13	
73	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенешкахь сацаран хьаьркаш х1иттор: тире. Т1еч1аг1дар.	1	14	
74	**«Т1аьххьара гуьйре»** Гуьйре д1айала герга йаханера. Мокха пардо т1едижинчу	1	16	

	лаьмнашкара охьа шийла мох хьаькхира. Дека хезаш олхазарш а дацара, амма наггахь т1ехъэккхаш полла-м хуьлура. Г1алахь даима а хьоькхуш мох бара, йаьлла чан а йара. Декаш хьозий а дара, ткъа урам некъашкахь цкъа цхьанхьа ховшуш, цигара д1ахьовдий, кхечухьа ховшуш, лелаш кхокхий а дара… Курганов дукха лерина Бенога д1ахьаьжира, жимачу стаге ша т1едиллинарг кхочушдалур дуй-техьа талла воллуш санна. Бенос цунна т1ера б1аьрг д1а ца баькхира –сох теша мегар ду, хьуна, бохуш санна. Пакет схьа а эцна, аг1орхьа а ваьлла, Танигахьа хьаьжира иза. Цецваьлла висира иза: мел тера йара иза х1инца Ульяшевах, дикачу, хьомечу Ульяшевах… Шийла 1уьйре йара. Вокзалана гуо а баькхина, ураме ваьлла Бено, воьхна волуш хьалхахьа д1а а хьоьжуш, цхьана а маь11ехь сецира. Шелоно лергаш дахьадора, когаш шелбора… (125 дош. С.-Б.Арсанов. «Маца девза доттаг1алла.» Грамматически т1едахкарш. *1. Синтаксически таллам бе:* 1-ра вариант 2-г1а вариант 3-г1а вариант Ч-ЦП-на Ч-КП-на Х йоцчу ЧП-на.			
76	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предло-женешках сацаран хьаьркаш х1иттор: шит1адам. Т1еч1аг1дар.	1	20	
77	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маьlнаш. **Тестировани йар.**	1	21	
	ЙоьалгIа четверть – 21 сахьт			
	Маттах лаьцна йукъара хаамаш(16)		**Апрель**	
78	Мотт а, цуьнан маь1на а, коьрта билгалонаш а.	1	3	
79	Мотт а, цуьнан маь1на а, коьрта билгалонаш а т1еч1аг1ъйар.	1	4	
80	Меттан 1илманан дакъош а, церан маь1наш а.	1	6	
81	Меттан 1илманан дакъош а, церан маь1наш а т1еч1аг1дар.	1	13	
82	**ПКЭ-н кепехь «Муха хила веза г1иллакхе стаг?» сочинени йазйар**	1	17	
83	Литературни меттан стилаш а, церан башхаллаш а.	1	18	
84	Литературни меттан стилаш а, церан башхаллаш а т1еч1аг1ъйар.	1	20	
85	Синонимика – стилистикин бух бу.	1	24	
86	Фразеологически синонимаш. Т1еч1аг1дар.	1	25	
87	**Талламан болх йазбар. «Воккхачу стеган до1а»** Цхьа-ши г1улч йоккхуш,цецволий д1асахьожуш,т1аккха а масех г1улч йоккхуш,лелара воккха стаг. Пхоьазза т1ек1елдина хиллачу ц1еношна йуххе а вахана,1асанна т1е а таь1на,сецира иза.Бомбанаша аьтта д1айахийтинера кхузахь б1аьрга мел гуш йолу г1ишло. Т1аккха,лекха нохчийн холхозан куй д1а а баькхина,киснара схьадаькхина йовлакх коьртах хьаькхира цо. Арахь йовха йацара.Кхузткъе итт шо сов хан хир йолуш воккха стаг лаьттара дег1е дагар детташ… Ц1еххьана когаш чуьра са д1адаьлча санна,цхьа тамашийна охьалахвелира иза…Со сихха т1еволавелира.Со а гина,воккха стаг,шегара даьлла цхьа г1алат суна ца гайта г1ерташ санна,хьалаайавелира.Маршалла а хаьттина,дог лаза-м ца даьлла хьан,аьлла,хаьттира ас. -Х1ан-х1а!..Лаза сан дог дисина,моьттуш а ма вац со-м!	1	27	

	-Х1окху ц1енош чохь 1аш гергара нах бара хьан? Воккха стаг,цхьа тамашийна соьга схьа а хьаьжна,д1авирзира…Шен б1аьрхиш суна ца гайта г1ертара иза. Дуккха лаьттира тхойшиъ,вист а ца хуьлуш… -Сан к1ентан х1усамаш йара кху чохь…Х1инца к1ант а вац,цунах йисина х1усамаш а йац… Т1аккха, куй д1а а тиллина,дег1 нисдеш д1а а х1оьттина,до1а дан х1оьттира.Ас т1аьхьара «амин» а олуш,дехха дира воккхачу стага до1а.(170 дош). Хь.Тухашев **Т1едилларш:** 1.Хьалхара предложени йуьззина синтаксически къастайе. 2.Айдаран,хаттаран предложенешна буха сиз хьакха.			
			Май	
88	Меттан суртхlотторан гlирсаш: дустар, эпитет, метафора.	1	2	
89	Гипербола, символ, риторически хаттар, тlедерзар.	1	4	
90	Фразеологизмаш.	1	8	
91	Литературни меттан норманаш а, меттан исбаьхьаллин башхаллаш а, къамелан оьздангалла а. Т1еч1аг1дар.	1	11	
	Дешаран шарахь 1амийнарг карладаккхар(8)			
92	Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш.	1	15	
93	Чолхе-карара предложенеш.	1	16	
94	Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш.	1	18	
95	Маттах лаьцна йукъара хаамаш.	1	22	
96	**Талламан болх йазбар. «Ирча буьйса»** Иза дара гурахь. Базар д1айуьйхира. Шен хьешан, г1алаг1азкхичун, куьг лоцуш, 1одика а йина, итт-цхьайтта шо кхаьчна хир долуш волу шен к1ант йуххе а хаийна, говра-ворданахь, ц1а ван новкъавелира Расу. Суьйре т1етаь1нера. Чубуза ц1ийбеллачу маьлхан з1енарша кхелина 1аьржачу мархийн йисташ, д1адийнчу аьчган басахь лепара. Цхьа байн хьекха болабелла мох т1аьхь-т1аьхьа ч1аг1луш лаьттара. Дерриг а 1алам меттахделира. Татанца лелхаш, борз санна уг1уш, шакарца ц1ийзаш, буьрса «дур» дара геннара дог1уш. Чехка йог1ура буьрса 1аьржа мархаш. Ц1еххьана, стигалара ластийна охьахаьхкича санна, оьг1азе тулг1ешца а боккхуш, дег1аца д1ахьулвира Расус шен к1ант. Нуьцкъачу дорцан ткъевнаца к1ур хьийзош, садоккхийла йайна, холчохь висира и щиъ. Некъ гуш бацара. Расу некъах тилира. Цхьа а ларб1ар йоцчу, воьду аг1у билгалйоцчу цу некъан хьесап дан ницкъ боцуш корта хьаьвзнера цуьнан. (131 дош)	1	25	
97	**Синтаксисах лаьцна тестировани йар.**	1	28	
98	Дешаран шарахь бинчу белхан жам1 дар.	1	29	

V-IX-чуй классашкахь бечу талламан белхийн мах хадор

Дешаран шеран кхоалг1ачу четвертехь V-XI-чуй классийн дешархошна лучу талламан белхан герггарчу хьесапера барам кху кепара хила магийна:

V классана – 80-90 дош
VI классана – 90-105 дош
VII классана – 105-120 дош
VIII классана – 120-135 дош
IX классана – 135-150 дош

Текст хоржуш, кху некъех пайдаэца беза:

- Талламан белхан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, х1инцлерачу литературни меттан лехамашца йуьззина нийса йог1уш а хила йеза.
- Талламан белхан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. К1езиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довза а довзуьйту, йозанан уьн т1е д1а а йаздо.
- Талламан белхан текстехь хала дешнаш хилахь, цу дешнийн нийса йаздар дешархоша 1амийна а дацахь, и дешнаш йозанан уьн т1е д1аяздо.
- Текст йоьшучу хьехархочо д1айешар литературни нийса а, муха йаздан деза, дешархошна д1а ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, к1айн, 1ежийн, халкъан бохучу дешнашкахь литературни аларан норманашца цхьаьна а дог1уш, чаккхенгара **н** ца олу, ткъа саьрмик, ч1ег1ардигдешнашкахь **г**-ний, **к**-ний хьалхахь долу **и а** долуш санна олу.

V-XI-чуй классийн дешархойн талламийн белхийн мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:

- Талламан болх толлуш орфографин а, пунктуацин а, г1алаташ къаьст-къаьстина лору, оценка йукъара йуьллу.

- Талламан балхана **«5»** дуьллу, нагахь цхьа а орфографин г1алат дацахь йа цхьаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.

- **«4»** дуьллу, кхааннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь (йа шиъ орфографин, кхоъ пунктуацин г1алат хилахь).

- **«3»** дуьллу, йалханнал сов орфографин а, пхеннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь (йа пхиъ орфографин, пхиъ пунктуацин г1алаташ хилахь).

- **«2»** дуьллу, иттанал сов орфографин а, пхеннал сов пунктуацин а (йа барх1аннал сов орфографин а, ворх1аннал сов пунктуацин а) г1алат ца хилахь.

Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза, орфографин а, пунктуацин а, муьлхха а бакъо талхош, талламан болх йазбале оццу классехь йа цул лахарчу классашкахь 1амийнчух иза хилахь.

Оценка юьллуш, ца лоруш дуьту:

- Программехь йоцу йа 1амийна йоцу орфографин а, пунктуацин а бакъонаш талхош долу г1алаташ (масала, 5-чу классехь хандешан карарчу а, йаханчу а хенийн чаккхенаш нийсайазъйар, спряженешкахь хандешнийн нийсайаздар, подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире йиллар-цайиллар ца 1амадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь йу).

- Тилкхаздаьлла г1алат (описка) лору, масала, белхало хила дезачохь белхано йаздинехь, 1уьйре хила дезачохь 1уьйле йаздинехь.
- Нохчийн маттахь зевне мукъаза **й** (йот) йаздар, масала: йоза хила дезачохь йоза йаздахь, йог1у (ёг1у), юьртахь (йуьртахь), юьгу (йуьгу) йаздахь.
- Орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш йаздар, масала: исс – иссалг1а – уьссалг1а, итт – итталг1а – уьтталг1а.
- Къовсамечу меттигашкахь чолхечу дешнийн нийсайаздар, масала: пайдаэцар – пайда эцар, нийсайаздар – нийса йаздар, г1одар – г1о дар и. д1. кх.
- Дешнашкахь дифтонгаш йазъйарр: къега – къиэга, терса – тиэрса, оза – уоза, еха – йиэха, и. д1. кх.
- Лаамечу билгалдешнийн а, причастин а, рог1аллин терахьдешнийн а, доладерзоран ц1ерметдешнийн а дожарийн чаккхенаш шина кепара йазъйар: чун (чуьнан), чух (чунах), чуьнга (че), черан (чийн) и. д1. кх. а, масала: дикачун (дикачуьнан), дикачух (дикачунах), дикачуьнга (дикаче), доьшучуьнга (доьшуче), дикачеран (дикачийн).
- Цхьадолчу хандешнийн шина кепара йаздар: олура – алара, вог1ура – ваг1ара и. д1. кх.
- Ц1ердешнийн къовсаме йаздар: стогалла – стагалла, мох – мохан – механ – махан, морха – марха и. д1. кх. а.

Дешархоша далийтинчу г1алаташна юкъара даккхий а, кегий а г1алаташ къесто деза.

Даккхий г1алаташ лору:

1. Хьалхенца 1амийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографин, пунктуацин бакъонаш талхош долу г1алаташ.
2. Йукъарадешар доцуш, 1амо а, кхочушъйан а атта йолчу бакъонашна а, кхечу эян оьшуш йоцчу бакъонашна а нислуш долу г1алаташ, и.д1.кх.

Кегий г1алаташ лору:

1. Талламан болх йазбечу хенахь 1амийна чекхъйалаза йолчу бакъонашна долу г1алаташ.
2. Мукъазчу элпашна йуккъе йаздеш долу къасторан хьаьркаш, масала*:* х1аллакьхилла, меттахъхьайра.
3. Дешхьалхенца йолчу йа чолхечу инфинитиван суффиксийн йазъйар.
4. Хандешнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн йаздар (оху-охуна йа охана, тоьгу-тоьгуна йа тоьгана).
5. Хандешан ихначу хенан йазъйар, масала:бохура йа бахара, моьттура йа моттара.
6. Кху кепарчу ц1ердешнийн йаздар:дечиган йа дечган, эчиган йа аьчган.
7. Ц1ердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина т1еэцна йолчу йацйинчу а, йуьззинчу а форманийн йазйар, масала: г1уллакх йа г1улкх, г1иллакх йа г1илкх.

Дешархочун балха т1ехь цхьамог1а (кхоъ йа цул сов) цхьана бакъонна нислуш г1алаташ хилахь, талламан балхана оценка лакхайаккха мега, масала, дешан чаккхенга **н** яздарехь, доца шеконан элпаш (**а,и,у**) йаздарехь.

Изложенийн мах хадор.

Сочинени а, изложени а йазйар дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) йу.

5-9 классашкахь сочинени, изложени йазйар д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкаршца дог1уш.

Сочинени а, изложени а йазйарехь толлу:

- билгалйина тема схьайелла хаар;
- темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;
- меттан барам а, нийсайаздаран бакъонаш а ларйар.

Сочиненн а, изложенин а мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсайаздарна а, сацаран хьаьркаш йахкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.

Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:

- болх темица бог1уш бу йа бац;
- тема кхачо йоллуш схьайиллина йу йа йац;
- чулацаман хиламийн рог1алла нийсайу йа йац;
- меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна йа ца эцна;
- къамелан кхачамбацарш ду йа дац.

  Нийсайаздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсайаздаран, сацаран хьаьркаш йахкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина.

Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила йеза.

Изложенина текст харжа йеза кху барамашкахь:

Vклассана – 100-120 дош
VI классана – 150-200 дош
VII классана – 220-250 дош
VIII классана – 300-350 дош
IX классана – 350-390 дош

Талламан изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу. Изложенина х1итточу оценкийн кху норманашкара куьйгалла эцар ца хилча ца торуш ду:

- **«5»** дуьллу:

а) нагахь изложенин текст хьалха-т1аьхьа нийса а, йуьззина а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, г1алаташ доцуш а, галдаьккхина х1ума доцуш а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, цхьаннал сов орфографин йа пунктуацин г1алат а дацахь.

- **«4»** дуьллу:

а)нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу г1уллакхийн йерриге коьрта меттигаш г1алаташ доцуш а, хьалха-т1аьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, орфографин кхаа а, пунктуацин шина а г1алатал сов уьш ца хилахь.

- **«3»** дуьллу:

а) чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а йелахь, хьалха-т1аьхьа г1уллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а ялийтинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь деаннал сов г1алат дацахь, йалханнал сов орфографин а, деаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.

«2» дуьллу:

а) чулацам кхачаме боцуш а бийцинехь, бакъонца йолу материал хьалха-т1аьхьа нийса йийцарехь йаккхий ледарлонаш а, нийса йоцу меттигаш а йелахь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь йалханга кхочуш г1алат динехь;

б) дейттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат далийтинехь, царна йукъахь иссаннал сов доцуш орфографин г1алат а долуш.

Изложенина ши оценка юьллу: хьалхарниг грамматикана, шолг1аниг литературина.

- Сочиненийн мах хадор

5-9 классашкахь язъечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:

5 классехь-0,5 йа 1,0 аг1о;

6 классехь-1,0 йа 1,5 аг1о;
7 классехь-1,5 йа 2 аг1о;
8 классехь-2 йа 3 аг1о;
9 классехь-3 йа 4 аг1о.

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаадеза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:

- дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;
- сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;

аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин я пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;

аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь пхеаннал-йалханнал сов г1алат дацахь;

аь) пхеаннал сов орфографин а, йалханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;

аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна йукъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

Сочиненина ши оценка йуьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.

Республикерчу берриге а ненан меттан, литературин хьехархоша шайн балха т1ехь пайдаэца безар бу оценкийн оцу норманех.

Х1оттийнарш: З.Д. Джамалханов, Я.У. Эсхаджиев.